ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№25 (24.151) ● 2021 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 10, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэмкІэ гъэпэжэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЗыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэмра илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етын

Гъэсашэ Наталье Къасболэт и пхъум - «Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институт» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1ап1эм уэрэд жыІэнымрэ дирижёрыныдмрэ хъуэгъэджэнымкІэ и кафедрэм и унафэщІым;

цІэ льапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Къэрал Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Щомахуэ Фуэд Дзадзу и пхъум - Зеикъуэ къуажэм дэт «ЩІыналъэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1ап1эм дэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ и кІудамэм и фельдшер нэхъыжьым,

«Къэбэрдей-Къэрал Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Вахрамеевэ Наталье Евгений и пхъум - «Прохладнэ кІалэ округым и щІыпІэ администрацэм Щэнхабзэмкіэ и кІалэ уардэунэ» муниципальнэ бюджет Іуэхущ1ап1эм и балетмейстерым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Чеченовэ Джаннэ Исхьэкъ и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм щІыналъэм щ1ап1эхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымкІэ и департаментым Іэщ1агъэр къыхахыныбрэ абы хуегъэджэнымкІэ и кІудамэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист»

Хьэткъуэ Валентинэ Сыхьэтджэрий и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и кехІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 5-м
№20-УГ

КІуэкІуэ Казбек хэтащ Голиковэ Татьянэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Урысей Федерацэм и щІыналъэм коронавирус узыфэ зэрыц1ал3р кърамышэным, абы зыщемыгъэубГуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр зэкІэлъыІэсыгъакІуэ Оперативнэ штабым и видеоселектор зэІущІэм. Ар иригъэкІуэкІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ.

ВИЦЕ-премьерым зэрыжиІамкІэ, узыфэ зэрыц1ал3м зэрыпщ1эт вакцинэм и хэІуГъуитІри урысей цІыху мелуанитІым щІигъум халъхьащ. Голиковэ Татьянэ къигъэлъэгъуащ вакцинэр цІыху нэхъыбэм халъхьэмэ, абы нэхъыбІу зэрыпэщ1этыбфынур. Мыбдежми Голиковэм якъыгъэщащ узыфэр зэуал1эхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъуами, коронавирусым земыгъэубГуным хуэгъэзауэ нэхъ пасэу яГъэувауэ щыта мардэхэм зэрыгъэтпэхъэр, цІыхухэм я Іэпкъ-лъэпкъхэр абы зэрыпэщ1этыфыр наІуэ къэхъухукІи ахэр гъэзащІэн зэрыхуейр.

Къэбэрдей-Балъкъэрми, къэралым и адрей щІыпІэхэми хуэдэу, щокІуэкІ цІыхухэм вакцинэр яхэлъхьэным хуэгъэза лэжьыгъэхэр. Республикэм и кІалэ поликлиникэхэм, кІуэжэ амбулаторэхэм къыщ1эрагъэпэщащ мастэр щыхалъхьэ щІыпІэ 50, гуп 35-рэ Іуэхущ1ап1эхэм кІуэурэ а лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІ. КъимыдэкІэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм мэлажьэ мастэр щыхалъхьэ щІыпІитІыр.

Коронавирус узыфэр зыпкърытхэр къэхутэным хуэунэтІа лэжьыгъэмэ пащІэ. Абы хуолажьэ лабораторибгъу, абыхэм къэралым ейуэ тху яхэту. 2021 гъэм гъатхэпэм и 4-м ирихьэлІэу лабораторэхэм къэпщытэныгъэу 449.264-рэ ирагъэкІуэкІащ, коронавирус япкърыту щІыху 21.265-рэ къахутащ, пандемием зэрыщидзэрэ а узым щІыху 377-рэ щІилыкІащ ди республикэм.

Жэщ-махуэ ямыІэу компьютер томографибл мэлажьэ. COVID-19-р къазэреуэлІар белджылы къэхъуа сымаджэхэм, абыхэм ял1ащІауэ щытахэм, пыхъэсыху зыпкърытхэм, зи тхьэмбылыр уэу щэч зыхуащІхэм КТ-къэпщытэныгъэхэр драгъэкІуэкІ. Псори зэхэту апхуэдэу мин 86-м щІигъу ирагъэкІуэкІащ.

Узыфэ зэрыщІалэр нэхъ щынагъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ госпиталхэм мы зэманым щІэлъщ щІыху 382-рэ. Абыхэм щІэт гъуэлъпІэхэм я процент 65,5-рщ къагъэсэбэпыр. Реанимацэхэм щ1ах1элъоплъ сымаджэ 33-м.

Республикэр иджыри тетщ коронавирус узыфэм земыгъэубГуным хуэгъэзауэ я гъэувауэ щыта мардэхэм, къапщтэмэ, цІыху 50 нэхъ р нэхъыбэ зыхэт пшыхьэхэр ирагъэкІуэкІыу ядэрхьым, апхуэдэуи а мардэхэр яхуэгъэзащ зи ныбжьыр илъэс 65-м щІигъуэхэмра узыфэ гъэтІылъа зиІэхэмра.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

● КъБР-м Террорым пэщІэтыныкІэ и комиссэм

Псори зыгъэпІейтей Іуэхум Анзорей щытопсэлъыхь

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Анзорей кІуэжэм щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Террорым пэщІэтыныкІэ и комиссэм и зэІущІэ.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и аппаратым КъБР-м къегъэщІылІа и инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, республикэм и хабзэхъумэ, къарузекьэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, муниципальнэ зэгухьанГъэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

Экстремизмэм, терроризмэм екъэлІа Іуэху мыщхьэпэхэр республикэм къыщымыгъэхъуным, щІалэгъуалэр апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэм хемыгъэшэным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я гугъу ящІу зэхуэсым къыщыпсэлъащ КъБР-м экстремизмэм щІэпэщІэтыныкІэ щІалэгъуалэ политикэмрэ ял1ащІа лэжьыгъэхэр щІыпІэхэм щІэзэгъуэныкІэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым**, КъБР-м щІыхьэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Езауэ Анзор**, Шэджэм щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Борсэ Юрэ**, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Залиханов Къанщобий**, Лэскэн щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Инжыджокъуэ Сэфарбий**, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Тонконог Анатолий** сымэ. Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым хьихьэ уэхуэныгъэхэм шынагъуэнщагъэр къыщІэзэгъэпэщыным и Іуэхур зыІутым тепсэлъыхьащ КъБР-м промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министр **Іэхъуэбэч Щамил**.

ЗэІущІэм хэтхэм къапсэлъахэм теухуауэ зэчэнджэщыжьхэм, унафэм и проектыр къащтащ. **КІуэкІуэ Казбек** зэхьыхьэм хэтхэр щыгъуазэ ищІащ зытепсэлъыхь Іуэхуэхэм ятеухуауэ къэув къалэнхэм икІи зэІущІэм щыжаІахэр къызэщІикъуэжри, цІыхухэм я шынагъуэнщагъэр къызэгъэпэщыныр властым и кІудамэ псоми я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр, а Іуэхум Іуэхущ1ап1э псори щІызэдэлэжьэн зэрыхуейр къыхиГъэщащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Іуащхьэмахуэ и зыгъэпсэхупІэхэм зегъэужьыным теухуауэ

КъБР-м лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Назаров Сергейрэ абы щІигъу хьэщІэхэмрэ щыІащ Іуащхьэмахуэ лъапэ и зыгъэпсэхупІэхэм икІи щІыналъэм и турист уэхуэныгъэхэр я лэжьыгъэм зэрыхуэщІам зыщагъэгъуэзащ, а Іуэхум зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм тепсэлъыхьащ.

КІапсэ гъуэгукІэ Гарабаши станцым нэс дэкІуеящ, иужькІэ ратракэм итІысхьэри, метр 3912-рэ лъагапІэм щауха «Липрус» хьэщІэщым нэс кІуащ. ХьэщІэхэм яфІэтельыджэу Іуащхьэмахуэ зыщ1ап1ыхьащ.

ЗыгъэпсэхупІэм и зэфІэкІхэм зыщыщагъэгъуазэм тепсэлъыхьащ «Іуащхьэмахуэ» Урысейпсо турист-рекреацэ щІыпІэм зегъэужьыным хуэгъэпса Іуэхухэм. Абы хохьэ «Мир» станцым щащІыну кІапсэ гъуэгуитІымрэ лыжэ кьежэхьыпІищымрэ я уэхуэныгъэхэр дыдэрэ ильэсым кьеГъэжьэныр.

Назаров Сергей жиІащ «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм зегъэужьынымкІэ Іэмалыфі дыдэхэр зэрыщыІэр, ар иужьрей ильэсхэм цІыху куэдым зыщагъэпсэху щІыпІэ, бгы лыжэ спортым, альпинизмэм диухэхэм я кІуачІэ зэрыхуэдар. Ильэс кьэс хохьуэ республикэм туристу къакІуэм я бжыгъэм икІи къыхигъэщащ ар щІыналъэм инвестицхэр къыхахьхьэныкІэ лъабжьэ хэрзынэу зэрыувынур. А унэтІыныгъэм зригъэужьыну и мурадщ УФ-м и Правительствэм: «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм ильэс гъэнэгъуэм къыхуаГЪыпщынущ федеральнэ бюджетым щыщ сом меларди 7-м щІигъу.

Іуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, абы и япэ къуэдзэ Къуныжь МуІэед, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Залиханов Къанщобий, «Кавказ Ищхьэрэм и зыгъэпсэхупІэхэр» АО-м и генеральнэ директор ТІымыжь Хьэсэн, «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэ» АО-м и генеральнэ директор Беккаев Хьисэ.

Налшык къэкІуэжри, КІуэкІуэ Казбекрэ Назаров Сергейрэ ирагъэкІуэкІащ щІыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным теухуа зэІущІэ.

КІуэкІуэ Казбек къэрал министерствэм къикІаХэм я фІыщІэ яхуищІащ щІыналъэм и экономикэм гулъытэ къыдэзрыхуащІым папщІэ. Абы къыхигъэщащ иужьрей ильэситхум республикэм зыщыщ1ып1ыхьыну къакІуэхэм я бжыгъэр хуэдитІкІэ нэхъыбэ зэрыхъуар, къахуеблагъэхэм Іуэхутхьэбзэу хуащІэми хуэди 2,8-кІэ зэрыхэхъуар. А псор къэлъытауэ, республикэм къыпэщытщ ильэс хъуерейм къриубыдэу цІыхухэм зыщагъэпсэхуфын хуэдэу зэужьыныр зэтеухуэныр. Абы ипкъ иткІэ къэув къалэнхэм я нэхъыщхьэщ инфраструктурэм зегъэужьыныр инвесторхэр къыдэхьэхьныр.

Назаров Сергей къыхихгъэщащ инфраструктурэм зегъэужьын и лъэныкъуэкІэ республикэм дэлэжьэныр мыхьэнэшхуэ зэриІэр. ЗэІущІэм хэтхэр нэхъ тегъэчыныхьауэ къытеувыІащ зыгъэпсэхупІэм псы ешэлІэным, къагъэсэбэпар къыГъуныным теухуа проектхэр зэхэлъхьэным, электрокъарукІэ къызэрызэгъэпэщари егъэфІэкІуэн зэрыхуейм. Зытепсэлъыхь Іуэхуэхэм ящыщу и гугъу ящІащ УФ-м «Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм зегъэужьыныр» и къэрал программэр гъэзэщІа зэрыхуейм. Абы хихьэу 2018 - 2020 гъэхэм ягъэзэщІащ инвестицэ проектипщІ, псори зэхэту сом меларди 3,5-рэ хуэзэу. А программэм зэрыщыубзыхуамкІэ, накъыгъэм ирихьэлІэу лажьэу яутІыпщынущ Къэщкъэтау - Аушыджэр псы кІуапІэр, мэкъуауэгъуэм и пэ къихуэу яухыну я мурадщ Бахъсэн кІалэ округым псы къащІэшыпІэ щыхуэзныр.

Ильэситху гъунэгъум инвестицэ проектхэр щагъэзэщІэну я мурадщ республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм, туризмэм, промышленностым. Инвестицэ лэжьыгъэхэр нэхъ жыдэжру зэрырагъэкІуэкІыр наІуэщ икІи абы къыхэкІыу инвестицэ проектхэр дэІыгъыныр УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэмрэ щІыналъэ властхэмрэ зэрызэдэлэжьэну унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу яубзыхуащ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, абы и япэ къуэдзэ Къуныжь МуІэед, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис, КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Щоджэнцыкіу Муратэ, Бахъсэн кІалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, «Кавказ Ищхьэрэм и зыгъэпсэхупІэхэр» АО-м и генеральнэ директор ТІымыжь Хьэсэн, «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэ» АО-м и генеральнэ директор Беккаев Хьисэ, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм зытепсэлъыхь Іуэхур зэхьэпІа и департаментхэм я унафэщІхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Балъкъэр лъэпкъыр хэкум ирашауэ зэрыщытам теухуа пэкІум

Гъатхэпэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІащ балъкъэр лъэпкъыр хэкум зэрырашрэ ильэс 77-рэ щрикъум ирихьэлІэу къызэрагъэпэща фэеплъ дауэдапщэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек удз гъэгъахэр щигъэтІылъащ 1944 - 1957 гъэхэм политикэ залымыгъэ зыкІэлъыІэзэрахьэу ягъэкІуэдахэм я фэеплъ Мемориалым деж. Республикэм и Унафэщ1ым апхуэдэуи зыщ1ип1ыхьащ Мемориалым и музейм.

Нэщхъеягуэ Іуэхум хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Голиковэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и аппаратым КъБР-м къегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр, республикэм и министерствэ, Іуэхущ1ап1э зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэр, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Балъкъэр лъэпкъым къытепсыхауэ щыта гуауэшхуэм теухуа зэхьыхьэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ, кІалэ псоми щекІуэкІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

● Пщ1э

СССР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ Къаншыкъуей Риммэ и хьэщІэхэр

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэхэу Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ Щ1ыхубзхэм я дунейпсо махуэмкІэ екъуэхьэну хуеблэгъат егъэджэныгъэ Іэнатіэм и ветеран Къаншыкъуей Риммэ.

РИММЭ ХЬЭМИД и пхъур ильэс 50-кІэ пэрытащ а Іэнатіэм, абы щыщу ильэс 33-м ар щылэжьащ Аруан муниципальнэ щІыналъэм и щІыхьэр Нарткъалэ дэт курыт школ №1-м. Аращ зэхэзыгъэхьар хамэ Къаралъэхэр егъэджэныкІэ методикэу къэрал псом цІэрыІуэ щ1ых1уауэ, пщІэшхуэ зыгъуэтауэ щытар.

Къаншыкъуей Риммэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ, дамыгъэ, цІэ льапІэ куэд къыхуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ «СССР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ» цІэ льапІэр, «Ложыгъэм и Бэракъ Пльыжь» орденыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр. 1986 гъэм абы и суРэтыр иралъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым я лэжьыгъэкІэ цІэрыІуэ щІыхьэхэр» республикэ щІыхь пхъэгъум.

Гуапэу щызэпсалъэм Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ Къаншыкъуей Риммэ педагогикэм, егъэджэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьыным, щІэблэр гъэсэным и гуащІэу хилъхьам и инагъыр къызэрыльытэгъуейр икІи фІыщІэ хуищІащ и Іэщ1агъэм хуэІэзэу Іэнатіэм зэрыпэрытам, ильэс куэдкІэ хьэлэлу цІыхубэм зэрахуэлэжьам папщІэ:

- Уэ уцІыху щыпкъэщ, дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэ куэдкІэ уагъэпэлІащ, ауэ егъэджакІуэм дежкІэ нэхъ пщІэшхуэ дыдэр - ар иригъэджакъэм къыхуалІэ пьагъуныцъэмрэ къыхуащІ щІыхьымрэщ, абыкІи унасыпыфІэщ, уи щІэблэм уащыгъупщэркъыми. Уэ къэпІуэтэж псори фІыгъуэшхуэщ. ИкъуэкІэ срогушхуэ уи зэфІэкІым, сыту жыпІэмэ сэри си Іэщ1агъэкІэ сыегъэджакІуэщ икІи сыщыгъуазэщ а лэжьыгъэр зэрымыгъэщІ. Уэ уракІуащ егъэджакІуэу щыта уи адэ-анэм я щапхъэ дахэм, апхуэдэу щытми, а Іэщ1агъэм укъыхуалъхуэн хуейщи, уэ апхуэдэ насыпи къохъулІащ. КъБР-м и Парламентым и депутатхэм къабгъэдэкІыу сынохъуэхъу узыншагъэ быдэ, къару мыкІуэщІыж, гъащІэ кІыхь уиІэну, зэІуэпэщу упсэуну!

Къаншыкуей Риммэ хьэщІэхэм яхутепсэлъыхьащ иджырей егъэджэныгъэ Іэнатіэр зыІууэ гугъуехьхэм, абы и ефІэкІынныгъэхэм, егъэджакІуэу щыпэжьам зыкъхуауэ щыта Іуэхухэр игу кьыгъэкІыжащ икІи я гулъытэм папщІи фІыщІэ къахуищІащ.

ХьэщІэхэмрэ унэгуащэмрэ зэІущІэм и кІэухым фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1ап1э.

НОБЭ

Гъатхэпэм и 10, *бэрэжьей*

♦**Урысей Федерацэм и Архивхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**Азербайджаным и льэпкъ театрым и махуэщ**

♦**Адыгэ Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

♦**Корее Республикэм щагъэлъапІэ лэжьыгъэм и махуэр**

♦**1710 гъэм** къыдэкІащ урысыбзэкІэ географиер зэрырагъэдж, зэрыбкІэ тедза япэ тхыльыр, «География, или краткое земного мира описание» жыхуиІэр.

♦**1806 гъэм** император Александр Езанэм и унафэкІэ Москва Кремлым и музей къызэрагъэпэщащ.

♦**1905 гъэм** Лондон (Инджылыз) къыщызэрагъэпэщащ «Челси» футбол командэр. Иджыпсту ар дунейм щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ гупэкм хабжэ.

♦**1910 гъэм** Китаймэ къыщыдэкІащ цІыху ягъэпщІлІыныр зымыдэ унафэ.

♦**1931 гъэм** Печорэ псым и Іуфэм деж Белощелье зыфІаща жылэр (иджы ар Нарьян-Мар къалэрщ) щагъэтІысащ. 1977 гъэм къыщыщІэдзауэ ар Ненецкэ автономнэ округым и къалащхьэщ.

♦**1945 гъэм** Цыхубзкэм я Дунейпсо Демократие Федерацэр (МДФЖ) къэунэхуащ.

♦Урысей император **Романов Александр III** (къэрал унафэр 1881 - 1894 гъэхэм Іэщ1эльащ) къызэралъхурэ илъэси 176-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, фильм куэдым макъамэхэр яхуэзытха, УФ-м и цІыхубэ артист **Зацепин Александр** и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирокъу. «Бриллиантовая рука», «Кавказская пленница» фильм цІэрыІуэхэм, нэгъуэщІхэми хэт уэрэдхэм я макъамэхэр арац зытхар.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и нартыхуГэкІ, Социалист Лэжьыгъэм и Пльыжь **Емышэ Хьэлий** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Швейцариием щыщ спорт къулыкъущІэ, Футболымкіэ Дунейпсо Федерацэм и унафэщІу щыта **Блаттер Йозеф** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыльыр къыдэзыгъэкІа, лъэпкъ ерыскьыгъуэхэр гурыхуу зыгъэхьэзыр инженер-технолог **Къубатий Борис** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ киноактёр цІэрыІуэ **Норрис Чак** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ1 **Къудей Мэчрэ1ил** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, Белоруссием и цІыхубэ артист, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэр зрата **Гостюхин Владимир** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Опернэ уэрэджыІакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ артисткІэ **Бесчокъуэ Майе** къыщІалъхуа махуэщ.

♦Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналисткэ **Сихъу Гуэщнагъуэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэс къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 3 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Си тхъэгъуэм си гъуанэдэплъэ, си лъаджэгъуэм къыслъымыплъэж.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Жылагъуэ зэхуэсыпІэхэм ящыщу зэІуэпэщ щІын хуейхэу муниципальнэ программэхэм хагъэхьэнухэр къыхэхьныж хузгъэзауэ икІи «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетымкІэ цІыхухэм Іэ яІэтыну Іэмал яІэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщыізгъэпэщын зыуэ щыт къэрал платформэр, цІыхухэм я Іуэху еплъыкІэхэр онлайн Іэмалкі Іэ къагъэлъагъуэу Іэ яІэтыфын хуэдэу, а гупым хэтхэр мы унафэм щІыгъу гуэдзэным къызэрыщыгъэльэгъуэм ипкъ иткІи къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 1-м
№22-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2021 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыдигъэкІа Унафэ №22-РГ-мкІэ къащтащ

Жылагъуэ зэхуэсыпІэхэм ящыщу зэІуэпэщ щІын хуейхэр къыхахын папщІэ цІыхухэм онлайн Іэмалкі Іэ яІэтыфыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъ лэжьакІуэ гупым

хэтхэр

Къуныжь М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэр *(лэжьакІуэ гупым и унафэщІ)*

Ащхъуэт И. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр *(лэжьакІуэ гупым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Алексейчик Т. И. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм волонтёрствэм (цІыхур езым фІэфІу псапащІэ Іуэхухэм хэтыным) зыщегъэужьыныкІэ ресурсэн центр» фейдэ къегъэщІыным пымыщІа зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуэу)*

Бажэнэ Б. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Бэрбэч А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухэзныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Дыгулыбгъу М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІынальэм унафэ хуэщІынымкІэ и центрым и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*

Къуэжей А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІыр

Мокаев А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкі и министрым и къуэдзэр

● Лъэпкъ Іуэху

КІэрэф Мурадин

Джылахъстэней Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр хах

Гъатхэпэм и 1-м Тэрч къалэм щеКІуэкІащ Джылахъстэней Адыгэ Хасэм и зэІуципІэ. Абы хэтащ хасэ къудамэхэм я унафэщІхэр, жылагъэр, дин Іуэхущ1апІэхэм я тхьэмадэхэр, Тэрч щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ Алъхъэс Аскэр сымэ, нэгъуэщІхэри.

КъЫЗЭХУЭСАХЭР зэІущІэм и пэщІэдзэм дакъикъэкІэ хуэщІгъуащ щІыхь ин пылъу илъэс куэдкІэ Хасэ тхьэмадэу лэжьа Ахъсор Хьэлым. Ахэр гуапэу тепсэлъыхьащ абы зэфІиГъэкІа Іуэхуфіхэмрэ кІигъэна лъэужь дахэмрэ.

Илъэсым къриубыдэу бэзм, хабзэм, гъэсэныгъэм ехьэлІауэ ялэжьахэм тепухуауэ къэпсэлъащ жылэ Хасэ тхьэмадэкэр. Гъэ кІуам кьежьа узыфэм и ягъэкІэ дауэдапщэкэр ягъэмэщІэн хуей хъуами, Іуэхур зэпагъэуакъым. Къызэхуэсахэм я гукъеуэкэрэ яБзыщІакъым, ахэр щІэблэм яГуэт гъэсэныгъэм, къызыщІэтэджкиІ щапхъэм, анэдэлъубзэр фІыуэ егъэльагъуным, хабзэм щІэпыкІыным ехьэлІат. Апхуэдэуи, ахэр тепсэлъыхьащ къуажэхэм щыІэ зэІумыбзэкэм, япэ игъэщыпхъэу къальытэ Іуэхугъуэхэм.

Илъэсым ялэжьахэр къызэщІакъуэжа нэужь, Алъхъэс Аскэр къыхихлъхьэри, къызэхуэсахэм зэдэарэзыуэ Джылахъстэней Адыгэ Хасэм и тхьэмадзу **КІэрэф Мурадин** хахащ. И лэжьыгъэфІхэмрэ Іуэхущ1афэхэмкІэ ар фІыуэ яІыхьу, куэд щІауэ лъэпкъ Іуэхум жыджэру толажьэри, а Іэнатіэр абы екъулІэу ирихьэкІыну гугъэфІхэр уегъащІ.

Хасэ тхьэмадэмрэ абы и къудамэхэмрэ кьалэн щащІащ щІалэгъуалэм анэдэлъубзэр фІыуэ егъэльагъуныкІэ, лъэпкъ хабзэхэм щІэпІыкІыныкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр щІагъэхуэбжьэну, Тэрч щІыналъэм щІепсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр ирагъэфІэкІуэну.

КІэрэф Мурадин къыщІепсалъэм жиІащ и къару емыблэжу хузэфІэкІ псори лъэпкъым хуищІэну зэрыхьэзырыр, кьыхуагъэфэща Іэнатіэм къызэрымыкІуэу щІыхь ин зэрыпытыр икІи фІыщІэ яхуищІащ апхуэдэ дзыхь кьезыгъэзза псоми.

КІЭРЭФ Мурадин Ахьмэдхъан и къуэр 1951 гъэм накъыгъэм и 6-м Тэрч щІыналъэм хыхьэ Акьбащ Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэм къыщІэкІа иужькІэ, КъБКъУ-м и физико-математикэ къудамэм щІэтІысхьэри, ехъулІэныгъэ иІэу къиухащ. Къыщалъхуа къуажэмрэ Заводской жылэмрэ физикэмкІэ егъэджакІуэу 1973 гъэм щылэжьэн щІидзащ. Акьбащ Ипщэ, Курп Ищхъэрэ, Заводской къуажэхэм дэт курыт еджапІэхэм я унафэщІу щытащ.

Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэм социальнэ политикэмкІэ и къуэдзэу, абы кьыдэкІуэу ЦІыхубэ егъэджэныгъэмкІэ управленэм и унафэщІу лэжьащ. 2016 гъэм къыщыщІэдзауэ Тэрч щІыналъэм Щэнхабзэмкі и унэм и унафэщІ, Хэку зауэшхуэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм я советым хэтщ. Нэгъабэ лъандэрэ Тэрч щІыналъэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыхубэм социальнэу къащхьэщыжьынымкІэ щІыхь зиІэ и пэжьакІуэщ, лэжьыгъэм щызыІэрэхьэхэм папщІэ Дунейпсо Арт комитетым и дыщэ медалыр къыхуагъэфэщащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Щапхъэ

Дадэ Іумахуэ

Дадэ Іумахуэ, адэ гумащІэ, цІыху щІепкъэ Хьэшкул Надир и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 85-рэ ирикъуащ. Надир Дзэлыкъуэ щІыналъэм хиубыдэ Щордакъ къуажэм щыщщ, ауэ къыщалъхуар Псыхуабэ къаларщ.

НАДИР и гъащІэ гъуэгуанэм ущрипльэкІэ, абы щыбольагъу телъыджэ куэд. Ар Іущ1ащ гугъуехь зэмылІэужьыгъуэ куэдым, арщхьэкІэ, языхэзми ар къигъэдзыхакъым, атІэ, лъэпощхьэпо псори Іэщ1ыб ищІурэ ипэкІэ кІуэтащ.

Надир и сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдащ. А зэманыр хэт и дежкІи икъукІэ хьэлъэт.

1944 гъэм апэ классым щІэтІысхьащ ар. Ерыскъыкіи, щыгъынкіи, гъэсынкіи хуабжьу гугъу ехьырт а зэманым псори. Щеджэ школхэр ягъэпылыххэртэкъым, уеблэмэ зэрыртхэу щыта шакъэр шакъальэм ищтхьэрт, ахэр зыщІэс классхэр апхуэдизкІэ щІыІэти. Ауэ щыхъукІи, еджэну хуейр еджэнуц, сыт хуэдэ щытыкІэм итми емылъытауэ.

Зыхэтым фІы и лъэныкъуэкІэ къаэщурэ 7-нэ классыр ехъулІэныгъэкІэ кІиухащ Надир, медицинэ училищэми щІэтІысхьащ. Арщхьэкіэ, дохутыр Іэщ1агъэратэкъым абы и нэ кІэуэзыуикІыр. Ар хуейт театрым епха щІэныгъэ зригъэгъуэтыну, ауэ абы ущІэтІысхьэн папщІэ 10-нэ классыр къэбухауэ щытын хуейт. Апхуэдэу щыхъум, Надир медицинэ училищэми щеджэгъэ, 10-нэ классри къуихыну мурад ищІри, пщыхьэщхьэрыеджэу щІэтІысхьащ Налшык дэт школ №3-м.

Ныбэр къэблагъэмэ, благъэр пщегъэгъупщэ

«Ныбэр къэблагъэмэ, благъэр пщегъэгъупщэ», - жеІэ адыгэ псалъэжьым.

ЕджапІитІри здэзыых, зи къару илъыгъуэ щІалэщІэр Іейуэ къэмэжэлІат зы махуэ гуэрым. Надир зыщІэс еджапІэм пэмыжьижьу зы шхапІэ гуэр щытт, я ерыскъыр щынэхъ пуду. ЩІалэр абы щІыхьэри, щылажьэ адыгэ бзылъхугъэм жриІащ и Іуэху зыІутыр: ахъшэ зэрымыльэныжьыр, Іейуи зэрымэжалІэр. «Нобэ сыгъашхэ, и уасэр пщэдей къыпхуэсхьыжьщ». ГущІэгъу зыхэлъ цІыхубзым щІалэр игъэшхащ, ауэ щыхъукІи ахъшэр Іихьыжьи идакъым. ШхапІэм щІэтхэм щІалэр нэІуасэ яхуэхъури, абы щІыхьэрэй хъуащ, хьихь-эжкІ зэриІэми гу лъатащ. ШхапІэм щылажьэ цІыхубзым Надир зэгуэрым кІэстум зэфІэт къуратуэ щытащ иригъэщэну. ЩІыгъыным хуагъэуза уасэм нэхъ рэщ щыкІэ нэхъ лъапІэу щищэм, сату Іуэхум хэт цІыхухэм къагурыІуащ щІалэр абы зэрыхэзгъэнум. Мис апхуэдэуэрэ икІи еджэу, икІи сомкІи къигъэхьэрычэтыфу къекІуэкІащ ныбжьыщІэм и щІалэгъуэр.

Ауэрэ еджапІитІри къиухащ. Надир сату Іуэхум хэзыша журт щІалэхэм яшэри, Орджоникидзе дэт технологие техникумым щІагъэтІысхьащ, илъэсиплІкІэ щеджэну. Ари хъарзынэу къиухащ. Лэжьыгъэ и лъэныкъуэкІи ехъулІэныгъэшхэу иІащ Надир. Дзыхь, пщІэ къыхуащІырти, унафэщІ къалэныр и пщэ къыдалъхьэурэ жэуапльныгъэ ин зыпылъ Іэнатіэ куэдым пэрытащ ар.

Гущэмрэ гуащэмрэ

Насыпу щыІэм я щхьэу къалъытэ унагъуэ насыпыр. Апхуэдэкіи Алыхьыр къыхуэупсащ Хьэшкулым. Абы щхьэгъусэ къыхуэхъуащ адыгэ хабзэр щытепщэ унагъуэм къыщыхъуа Нартокъуэ ФІыцІэ ипхъу Сарэ бзылъхугъэ зэпІэзэрытыр.

Абыхэм я насыпри телъыджэу къекІуэкІат. Сарэ сабий цІынэу гущэм хэлъу абыхэ я деж кІуат Надир и адэ къуэшыр, гуащэшхэу иІыгъыр. Унагъуэм щІэсхэм сэлам гуапэ ярихьа нэужь, сабийр зыхэль гущэм гуащэр трилъхэри, жиІат: «Мы гущэм хэль хъыджэбз цІыкІур си къуэшым и къуэ Надир къезгъэшэнущ». Абы щыгъуэм Надир и ныбжьыр илъэситІым иту арат.

Надир и адэ къуэшыр жьэ махуэ ипсэлъыкІауэ къыщІэкІащ. Зэманыр кІуатэурэ, балигъ гъащІэм хьихьэу унагъуэ яухуэн хуей щыхъум, Алыхьым зэрипхащ Надиррэ Сарэрэ я гъащІэр. Бынилпі зэдагъэтэщи, щІэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ зимыІэ абыхэм яхэткъым. Дэтхэнэ зыри адэ-анэм я щапхъэм тету зэрыпсэуным хущІокъу.

- ИгъащІэм псалъэмакъ яІакъым ди адэ-анэм. Зым Іэпыхур адрейм хъищтэжу, зыр адрейм хуэгумащІэу къагъэузгурыКуащ аехэр. Ди адэм пщІэ лей зэрыхуэтщІын хуейр ди лъым хэту дыкъинтэтэджащ ди анэм», - жеІэ абыхэм япхъу Заретэ.

- Псалъэ гуапэу щыІэр зыхуэфащэ цІыхущ Хьэшкулыр. Сыт и лъныкъуэкІи щапхъэ нэсщ. ЩІынальэм зы Іуэхугъуэ къыщыхтІэтыркъым Надир и гъащІэ хэмылъу. Насыпышхуэщ апхуэдэ цІыхубзэ уи япэ итыныр. Дыхуэзарэзыщ, узынщагъэ быдэ иІэу и гъащІэм адэжи къыпищэну ди гуапэщ, - жеІэ Дзэлыкъуэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Джатэ Руслан.

Хьэшкулыр пенсэм щысщ, арщхьэкІэ зы махуи лэжьыгъэншэ хъуркъым. Дзэлыкъуэ щІыналъэм ис нэхъыжьхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадзэр, къищынэмыщІауэ, Афган зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэми и пашэщ.

ЦІыхубзэр къыхуэарэзыуэ, и цІэр къуажэми, щІыналъэми, республикэми фІыкІэ къыщІыуу, пщІэ къыхуащІу апхуэдэщ дадэ Іумахуэри, адэкІи узынщэу псэуну Тхьэм жиІэ!

ЖЫЛОКЪУЭ Лусанн э.

● Фэеплъ

ЦІыхугъэ лъагэ, пэжыгъэ нэс, зэхэщІыкІ куу

Гъащ1эм дызыщрихьэлІэ цІыху псори ди гум къинэркъым – зыщымыгъупщэ зи дуней тетыкІэ екІукІэ, Іуэху зехьэкІэ дахэкІэ адрейхэм гуаэз, щапхъэ яхуэхъуауэ щытахэрщ. Апхуэдэхэр дунейм щекьижами, я Іуэхущ1афэхэр, гупсысэхэр куэдрэ ядопсэу зыщІыхуу щытахэм, я гъусэ пэлъытэу. Апхуэдэу гъащІэ иІэу, нэмыс хэлъу, Іуэхуфіхэр и Іэрыкіыу псэуащ Лыгъуэр Хьэзиз и къуэр. Куэд щІакъым Хьэсен и дунейр зэрихъуэжрэ. Абы лъандэрэ блэкІа мазэми а хэщІыныгъэр къаэрехьэлъэкІыр псэкІэ зыхащІащ къыщІэна унагъуэмрэ и Іыхьлыхэмрэ нэмыщІ, ныбжьэгъурэ лэжьэгъуу иІахэм, зыщІыхуу щыта куэдым.

ЛІЫГЪУР Хьусен Бахьсэн щІыналъэм зехьэ Зеикъуэ къуажэм 1952 гъэм фокІадэм и 19-м къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт школыр фІы дыдэу кьиухри, щІалэщІэм и щІэныгъэм щылишащІ Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и физико-математикэ факультетым. Зыщ1эхъуэпса Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Лыгъурыр илъэс зыбжанэкІэ щ1ылэжьащ Щ1ОджэнщІыкІу Алий и цІэр зэрихьэу Бахьсэн къалэм дэт курыт школ №92-м, физикэмрэ математикэмрэ щригъэджу.

ЩІэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щІалэр экономист Іэщ1агъэми ди университетым щыхуеджащ, зэрылажьэм хуэдэурэ.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэщ1агъэми жылагъуэ Іуэхухэми хуэжьджэру гъащІэм хэт цІыху акъылыфІэр л1эщ1ыгъуэ блэкІам и 70 гъэхэм я кІэуэным къыщыщІэдзауэ 80 гъэхэм я пэщІэдзэм нэсыу ВЛКСМ-м и Октябрь райкомым, райисполкомым я инструктору, райисполкомым лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынымкІэ и къудамэм и унафэщІу лэжьащ. Хэлъэт зиІэ, дзыхь къыхуащІ дэтхэнэ Іэнатіэри жэуаплныгъэ ин зыхищІэу езыхьэкІ ЛІыгъурыр 1984 гъэм ирагъэблагъащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым икІи лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынымкІэ, иужькІэ хозяйствэмкІэ я къудамэхэм я пашэу щытащ. Абдежми зэфІэкІыщхэу зыбгъэдэлъ, щІэныгъэ куу зиІэ Іэщ1агъэлІ щыпкъэу зыкъигъэльэгъуащ Хьусен. Къэхъуакъым абы и унафэм щІэт Іэнатіэр къыхуагъэува кьалэнхэм щыпэмыльэща, ахэр и чэзум икІи къызыхуэтыншэу щимыгъэззэща.

1993 - 1998 гъэхэм ЛІыгъур Хьусен щыІащ КъБР-м и Конституцэ Судым, абы и аппаратым и унафэщІу. Иужькіэ ар я гъэуващ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я зэІущІапІэм и пашэу, Президентым и Администрацэм жэуаплныгъэ зыпылъ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэр щигъэзэщІащ. 2007 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэси 10-кІэ (пенсэм кІуэху) Хьусен щыІащ ЦІыхухэм я хуитыныгъэр хъунэмыжкІэ ди республикэм щылажьэ Іэнатіэм, абы и аппаратым и Іэтащхьэу.

Сыт хуэдэ къалэн пэрымытами, Іэнатіэ дзыхь къыхуамыщІами, ЛІыгъур Хьусен дапщэщи ахэр ирихьэкІащ, и цІыхугъэ лъагэр, пэжыгъэ нэсыр, зэхэщІыкІ куур, ныбжьэгъугъэ быдэр куэдым нэрылъагъу ящыхъуу. Зи Хэкур, щалъхуа щыналъэр фІыуэ зылъагъуу къэгъуэгурыкІуа Іэщ1агъэлІ щыпкъэм зэфІиха псэ хьэлэл лэжьыгъэ инэгр гулъытэншэ хъуакъым. Абы зэрихьэу щытащ КъБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу къулыкъым и езанэ классыр, кьратауэ щытащ ди щІыналъэм и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр, нэгъуэщІ щытхъу, фІыщІэ тхылъхэр.

- Ныбжьэгъу пэжу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ ахъыпрзэману, унафэщІ Іэкіуэлъэкіуэу дунейм тетащ ЛІыгъур Хьусен, - жеІэ а цІыху щыпкъэм илъэс зэхуэмыдэхэм гъащІэм щыхуэза, кьыдэлэжьа, гъунэгъуу е ныбжьэгъуу иІахэу, ди республикэм и цІыху цІэрыІуэхэу Дадэ Суфэдин, Маслов Николай, Ирыгу Мухьэрбэч, Тауканов Мустэфа сымэ. - Пщэрылъ къыщащІа сыт хуэдэ Іуэхури щапхъэ тепхыным хуэдэу зэфІиГъэкІыу, зыхэт гупым и шхэпсу, и нэгур гуапэу зэрызэІухам хуэдэу игури и псэри зэІухауэ псэуащ ар. Дыхуэарэзыщ, здэкІуар тыншыпІэ хуэхъуну дольаІуэ.

Унагъуэ дахи къыщІэнащ Хьусен. Абырэ и щхьэгъусэ Наташэрэ (ар Тхьэмокъуэхэ ялхъущ) зэгурыІуэрэ зэдэІуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ зэрылъ унагъуэу псэуащ. Зэщхьэгъусэхэм ялхъу закъуэ Марьяни ар къаззэрыхуэупса пхъырылъхъу цІыкІуэми хуабжьу щыгуфІыкІыу, я ехьулІэныгъэхэм къаруущІэ къахилъхьэу и гъащІэр ирихьэкІащ Хьусен. ЛІыгъурыр апхуэдэ дыдэу гумащІэт и анэжьилъхуэмкІи, абыхэм я бынхэмкІи. Лъэкі псомкІи абыхэм защІигъакъуэу щытащ дапщэщи.

Апхуэдэ гъащІэ дахэ, купщІафІэ кьипсэуащ ЛІыгъур Хьусен. Пасэу зи дунейр зыхъуэжа цІыху щыпкъэм - къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэм, ныбжьэгъу пэжым, щхьэгъусэфІым, адэ гумащІэм, адэшхуэ Іэфым, анэжьилъху набдзэгубдзапІэм - и фэеплъыр куэдрэ яхъумэнущ гъащІэ гъуэгум абы щрихьэлІахэм ящыщ куэдым. И ахърэтыр нэху хъуну дэри дыхуольаІуэ ЛІыгъур Хьусен.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ЩІэныгъэмрэ псэукІэмрэ

ФІым щыгугъхэр

ЩІэныгъэм и лъэныкъуэ псоми тепсэлъыхь Nature Scientific Report къэрал зэхуаку журналым 2020 гъэм и накъыгъэм къытехуа тхыгъэхэм ящыщ зым зэриты мкІэ, «ди планетэм цІыхухэр тебзэхыкІыжыным къэнар илъэс 20 - 40 къудейщ».

ДЫКЪЭЗЫГЪЭГУЗАВЭ апхуэдэ егупсысыкІэм зэдыхуэкІуащ Лондон дэт щІэныгъэ институтхэм ящыщ зым, Тьюринг Алан и цІэр зезыхьэм, и лэжьакІуэ Акино Херардэрэ Чилим Тарапакэ и цІэр зезыхьэу щыІэ университетым и профессор Болонья Маурэрэ.

ГъэщІэгъуэныр араща, щІэныгъэм и Іэнатіэм зэрищэла е еджагъэшхуитым дыхэзыгъапІъэ я гупсысыкІэр къызыхахар мы зэманым ЩІы Хьурейм къыщекІуэкІ коронавирус пандемиер аракъым, атІэ мэзхэр дэнэ лъэныкъуэкІи щысхьынщэу зэрыщраупщІыкІырщ.

ЩІэныгъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм дыкъытемыкІыу иджыри илъэс 20 - 40 хуэдизкІэ едгъэкІуэкІыжмэ, шэч къызытумыхьэжыныр араща, мэзхэм я нэхъыбэр, кьанэ щІагъуэ щымыІэу, ЩІы Хьурейм тебзэхыкІыжынущ. Апхуэдэу хьумэ, планетэр зи хэщІапІэ цІыхухэми хьэкІэжхъуэкІэхэми сэбэп кьыгъэхуэжыфынукъым альандэрэ дыкъэзыхьумэу кьыддэгъуэгурыкІуа дунейпсо экосистемэр.

Уегупсыс зэрыхъунумкІи, псыГъэм и къекІуэкІыкІэр ззэшГъэхуэ, щІыгупІэ къэзыхьумэ, дызэрыбауэ кислородыр къэзыгъэщІ щхъуантІагъэр димыІэжмэ, е ар къызэрымыкІуэу кьыдэмэщІэкІ хьумэ, ди планетэм «щІытщІэн щыІэжкъым», абы иужькІэ дыщщепсэужьыфынкІэ Іэмал зимыІэщи.

Зи гугъу тщІы еджагъэшхуэхэр щыхьэт зэрытехьэмкІэ, лъэхъэнэ жьыжьэхэм, планетэр зи хэщІапІэ цІыхухэр я бжыгъэкІэ идджыри куэд щымыхьум, ЩІы Хьурейм и мэзхэм километр зэбгъуэзнатІэу мелуан 60-м щІигъу къызэщІаубыдэрт. Дызэрыт зэманыр къэтщтэнщи, ди планетэм я бжыгъэр зэрыщыхъужыр километр зэбгъуэзнатІэ мелуан 40-м нэблагъэщ. Абы щыгъуэми, зэрынэрылъагъущи, жыгъэр зэрыщрауплщыкІыр щІэхуабжьэ зэпытщ.

Ауэ, итІани, кьыхэгъэщІыпхъэщ зи гугъу тщІы физикхэр хэкІыпІэ кьытухуэзыІулъхуэзэу фІым щыгугъхэми зэращыщІр. Абыхэм кьызэрагъэльагъуэмкІэ, ди планетэм и экосистемэр ємыкІакІуэу кьызэтегъэнэнымкІэ сэбэпышхуэ хъунут къэрал куэдым я еджагъэшхуэхэм «Дайсон и сферэ» зыфІаща конструкцэм, Дыгъэм и гуащІэмрэ и хуабэмрэ зэхуэзыхьэсу ЩІым къыхуэзыуТыпщыкІ ухуэныгъэ абрагъуэм хуэдэ хьэрэшым щаухуатэмэ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейпсо адыгэ диктант

● Гу зылъытапхъэ

Хабзэ дахэ хъуащи, ди лъэпкъгъуэхэр куэду щыпсэу республикэмрэ къэралхэмрэ мы гъэм илъэс ещанэ хъуауэ къыщызэрагъэпэщ Дунейпсо адыгэ диктант.

АДЫГЭ тхыбзэм и махуэм, гъатхэпэм и 14-м, ирыгагъэхьэлІэ Іуэху дахэхэм ящыщ, лъэпкъым и цІыху пажэхэр, бзэмрэ хабзэмрэ зи гурыщІэм щызыгъафІэ хэкупсэхэр къызэщІэзыубыдэ а диктантыр къыхилъхьауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм анэдэлъубзэмкІэ и къудамэм. Диктантым и мурад нэхъыщхьэщ адыгэбзэм и пщІэр къэІэтыныр, лъэпкъым анэдэлъубзэмкІэ бгъэдэлъ щІэныгъэр адэкІи егъэфІэкІуэныр, щэнхабзэр хъумэныр.

Мыгъэрей диктантыр гъатхэпэм и 12-м екІуэкІынущ. Офлайн щыкІэм тету ар къыщыізэрагъэпэщынущ ди республикэм и щІыналъэхэм, къалэхэм щылажьэ курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, библиотекэхэм. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр (аудиторэ №501-нэ, СГИ), КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр, Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэр. Диктантым сыхьэт 15-м щІидзэнущ.

ДАХ-м нэхъапэІуэкІэ къыхилъхьауэ щыта «Анэдэлъубзэр хуэныгъэ хъунымкІэ си Іуэху еплъыкІэр» сочиненэ зэпеуэм адэкІи пещэ. Абы ухэт хъунущ онлайн щыкІэм тету.

Диктантымрэ сочиненэмрэ зэрекІуэкІ хабзэхэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ зыщыхуэпщІыфынущ ДАХ-м и intercircass.org сайтым. ФІыщІэупщІэ хъунущ 89289109975, 89286934817 телефонхэмкІэ.

Егъэджэныгъэ акцэр екІуэкІынущ Граждан жылагъуэм зегъэужьынымкІэ УФ-м и Президентым къыхилъхьа грантыр и лъабжьэу. Ар Президент грантхэм я фондым кьыхэкІащ.

Іуэхугъуэр къызэрагъэпэщынущ Роспотребнадзорым къигъэува санитар мардэхэм тету.

КЪАРДЭН Ритэ.

ЧЭРИМ Марианнэ

Ды иримыкъу

Роман. Ещанэ Іыхьэ

(КІэлъыкІуэр. Пэщ1эдзэр 2020 гъэм и №№ 125 - 130-хэм, 2021 гъэм и №№2 - 4, 6, 8, 11, 12, 17, 20, 22-хэм итщ).

Заирэ. Дахэщ. Щ1эх пшэр хъунукъым. Сыгъым дежи я унагъуэр зэрыкъуГепем, езыр зэрыхъыджэбзыфым, щ1алэхэр зэрызимыгъэпсалъэм топсэлъыхь. Рестораным къыщ1ббгъэдэсу. Жыжьэу къыбдалъагъуну Іейкъым, ауэ уригъусэну зэшыгъуэщ. Ахъшэ, щыгъын, папэ, мамэ. Пагэщ. Къызыр1эщ1ыжащ. УкъыкР1ыуэхукъым. УзригъэкІумэ, ущетІагъэ. Зыми къыщамыгъагъуэ джеу узыщ1ехыж. Къызэропсалъэри ety къыпт1ридзэм ещхьыду: уеуэзхуж зэпыт. «Сэ апхуэдэу сфІэфІкъым». «Сэ ахэр сззэгъэшынкъым». Іух, хъунукъым.

Ринэ. Джэду шырым ещхьщ. Щ1ыкІафІэу зегьафІэ, итІанэми, хъэлынШэу бзаджэщ. Щ1игъын плъыжькІэ ерыщэщ. Еджэн щ1ядза къудейщ икІи. Хэт ар илъэсиплкІэ къалэм дэзышеинур? «Си анэм уи щ1алэр къаши сыгъэщ1ыху жеІ». Анэ губзыгъэм апхуэдэу жиІэнукъым. Хъэуэ, дахэ, эури уэхунукъым.

Лидэ. Ар нэхъ зыгуэрщ. И щхъэепІыж, зыкъыпт1ригъэхъэлъэнукъым. Дахэзэлэ ещхьу, абыи зыгъэщ1эрэщ1апІэ егъэлажьэ. Ззззгъэну къыщ1экІынт и анэмрэ абырэ. Ауэ Марат езэгъынукъым. КъыкІэрыпт1эГу зелэ. И нэгур сэхуэсэплъкІэ итхьащ1 ф1экІа пщ1энкъым, псы иримыгъэІуэсу. Зитхьэщ1мэ, къызэрыщ1экІынур хэт зыщ1ар? Ари Іудогъэх.

Къапшэ хъун зэрыщымыІэр хэт и ф1эщ пхуэщ1ыну дунейм? Сыхьэтит1 зэкІэльапыткІэ къыпІощ1эмыужъгъуэн пщащэ дэнэ къыздиІунынур? А-а! Жырасльэн и пхъур-щэ? Хэтыт абы и щ1эр? Рэхьмэ! Зэрымылъ пэлъагэ! Ар хъунут, къыхуэзэдэІуамэ. ТхьэІухудщ жыпІэнкъым, ауэ нэгу зэхэха и1эщ. Нт1э, лъагъуГуафІэщ. Марат зэригъуэгр щыгъупщэжу хуиту щ1ипсалъэхэм деж уи нэр къыпхутегъэкІыркъым, апхуэдизкІэ гупЬытэр ехъэхури. Ар хъунут. Хъуну къудейкъым. Мыхъуу лъэнукъым.

Марат телефоныр кьрехри Жырасльэн хуегъаджэ.

- Алло, Марат! - кьитрихащ.

- Дауэ ущ1ыт, Жырасльэр?

- Кьеблагъэ, щ1алэф1, дунейм утет?

- Кьеблагъэ пэж, хэмэ кьеблагъэпщ1, дауэ зэрыжаІэр?

- Уэлэхи, ф1ызым сыщ1эдзшхэурэ псэльэрей сыхъуащ жызоІэри, зы щ1ыхум сыкъыф1эмыІуэху. Шей ф1экІа сригъэфакъым къысхужмыІэжыкІымэ, кьеблагъи псапэ къэхь, кхъыІэ!

- СынокІуэ-т1э.

- Плъэгъуа адыгэл! Зыгуэри къыздэшэ, ягъэ кІынкъым.

- Іуэху сиІэщи, арац, уи закъуэу сыпхуеІщ.

- Ф1ыкІейщ, сыножэ, си къуэшыжь. Т1ури зы сщ1ы щхьэ мыхъурэ? Жырасльэн лэжьакІуэр кьищт1энщ, ипхъуми щ1эупщ1э зищ1ынщ, щ1эмыпхъуащ1эу.

- Зы анэ и1эщи, дунейр къутэхукІэ хъун къыжрИэнукъым. Хэтми, ягъэ къыпщ1эупщ1эм дэкІуэ, жи. Уи ныбжьыр, уи ныбжьыр... И1усе т1ощ1ым щ1игъуэ къудейм укъыдэнэжащ жеІэу игу зэбгъэбгъэжьну, дауэ уанэ уэ, жызоІэ?

Жырасльэн и І энатІэр ихъэужьни идакъым, ауэ къыщ1ыз эльэІу ІэхуитымкІи дауэ згъэщ1эхъэн жи1эм ещхьу, и ныбжьр кьритыну имыжьагъуэ хуэдэу кьепсэльащ.

- Мыбы проблемэзу хэльыр пщ1эрэ, си къуэшыжь? - кьепсэльыпІэ хуэдэу, итІанэми укъыщ1ымыгугъэщ жыхуиІэу, ирешажьэ Жырасльэн. - Си пхъур сэращ нэхъ зэщхьыр. Гу щабэщ, гужьщ1эщ, и анэ пхъащэжьым зыкІи ещхьыкъым. Сэ си шыпхъэм изогъэщхь. И ф1эщ хъуэрэ, укъидэмэ, зыщ1ысхьжынукъым. Уэри къыппхэкІынур къыпхихунущ, езыри щхъэнукъым. Сэ зызогъэдемократ. Узыхуэй дыдэр кьыхэх, си Іуэху хэлъхъым жызоІэ зэпыт. Мащ1э-куэдми, т1экІу-т1экІу щ1емыгугъэж щ1ыкъэшм. Псэуху си адэм сигъэнэхъуат кьыхсужи1эж нэхърэ, кьыдэнжэкъпэми нэхъ къэсщтэнущ. Мес, си шыпхъур дэсщи, зыхэкІыжалагъэ сльаГуркъым. Ди анэри дотынш, езыми и щхьэ Іуэху зэрехэу. Псори уэ уэщхьэм хуейуэ щ1эбукъуэдиин щ1ыІэкъым. Пэжкъэ жысІэр?

- Сэри сыщ1эпхъуэу зыщ1ынІэ сынэсауэ араксым. Ауэ уэрэ зэри дыщ1эзэдлажьэкІэ, дэ т1ури І эщ1агъэкІэ дыщ1эзтехуэкІэ, нэхъ тынШу дыззззгъын жызоІэри аращ. Сэ ауэ сытми уэ уи хъэрыкІэ унэм къэзгъэсыж зысщ1а ф1экІа, кьысф1ІэуэхуэуН нэгъуэщІуи зэи зыкъезгъэщ1акъым, дэлъху хуэдэущ сызэрыбгъэдэтар.

- Мыращ ди мурадыр, ди акъыл зэтехуащ, - кьыщ1ыжкерІэ махуэм сыныфкъуэувэну сыхьэзэщ, си къуэшыжь. Си деж зэи кьыщ1ынэнукъым. Тегушхуэ, нэхъыбф1у зыкъеГэщ1ыху, уэ нэхъ нэхъ малъхъэфІ сэ къэслъыхъэрэкъым. Си пхъур кьыпхуэмыІэну, сэри сыпхуеІщ. Хьэуэ жи1эрэ, уи жагъуэ умыщ1, сэри а зыращ пхъууэ си1эр, щ1алэр зэрымыузышнэр ущ1э. Уи адэр дауэ щ1ыт?

- Ди адэращ, пэжым ухуеймэ, и чэзыр къэсауэ п1эрэ ж1ыззззыгъэІэр. Зыщ1ыгуф1ыкІынур гъэр илъагъумэ, нэхъ псынщ1эу зыкъиужьыкынт.

- Хъарзынэщ. Дипхъу гъэфІар зэфпэсмэ, дэри дыгуфІэну ящ1.

Илъэс бжыгъэкІэ зэтрихьа пхъэнкІийр Іуэыхьжа лэжьакІуэжьым ещхьу, Марат и щхьэ хуэарэзыжу Іэсрэдзэгу иунэтІауэ мэкІуэж. Кьыздэсыжам, и адэ-и анэм я зэрыгъэкІий макъ унэм кьыщ1ОІукІ:

- Сыкъэпшауэ ара уэ, сибгъэкІыжьну? Мы пщ1антІэм дэсщ1ыхьар къызэтыжи, жэрыжжкІэ сижжыжщ, сикІыжьн дэнэ къэна! Уи анэм игъащ1эм уи адэм лъэпэдит1 зэгуэтІу зэрыщ1ымыгъэтІэгъаи сыт хэпщ1ыкІэр уэ?! «Сыбдэпсэуфынукъым!» Укъыздэпсэуфынт, псэукІэ пщ1эуэ щ1ытамэ? Факвэрэ нэ къэпльэжа! И сомитІ зэуІуатэ, пщ1ыуэ зыкъыщ1ыхужащ. Зыгуэрым и1эжу п1эрэ а уэ сыкъызыщ1эпшаятІэ лъэгум хуэдэ? Мис мо гъэным Іэнхъуи щ1эс, уэзрыщ1тар къэпщ1эжьну ухуейімэ, ахъшэ ныпхутеслъхьэнщ. Си къуэр фызкъэзмышэу къыпхузогъанэри сыдокІ?! Мохьщ! Щыгугъ уэ абы!

Марат ищ1энур имыщ1эу дэкІуеипІэм тетт. И анэр къызэщ1эплъауэ къыщ1эжри, и къуэр зэрыщ1тыр щилъагъум, къызэтеувыІащ, ауэ и макъыр иришэхакъым.

- Пльэхъуэщратэкъым уи адэр здебгъэшэн хуеяр - делэщрат.

- Сыт кьэхъуар?

- ДызэбгъэдэгъэкІыж, жи, афІэкІа сыбдэпсэуфынукъым!

- Униц дэтщ мы пщ1антІэм, дызэхуэмызэу дыщ1эхуэнущ, - гушыІэ зещІ Марат.

- Дэнэ хуейми ирекІуэ! Тхьэ, сэ си жьыщхъэ си напэр зытесхыжу, си гъащ1э псом сызытелжьа унэми лъапсэми сыдэмыкІыну, абы кьысхущ1емыгуГэ.

Уэлэхи, мыр сэ си гугъэм щ1ыщ1ымыІэ, - йогупсыс Марат. И анэр лэжьапІэмкІэ жащ. Щ1ыхьым къыжриІа псори зэригъэхьыбарыным шэч хэлъкъым. И адэр унэм щ1эсщ. Дакъикъитху хуэдэ дигъэкІауэ, щ1охьэж. И анэм къыжриІар зэхимыха е кьыгурымыІуа нэпцІ зищ1ыфмэ, еплъынщ.

- ЗгъэгуфІэнжщ жысІэу сыкъэкІуэжурэ, сыкъыз эрихьэлІар... - зыри къэмыхъуа хуэдэу, езым япэу псэльэн щ1едзэ.

Езым темыухуауэ сыт зэхихми зыщ1ащ Щ1ыхьым жимыІэІауэ къыдопльей.

- ЛэжьапІэр хъуэж жыпІатэкъэ? - пещ1э джэду хьэжьм.

- Нт1э?

- Къудамэщ1э къызэІуахауэ, абы и упачэщ1у сагъакІуэ.

Щ1ыхьым ищ1а мурадым къытришьм щхьэкІэт Марат министрым дэж щ1ыщ1ыхьа дакъикъэм щегъэжьауэ, псори и адэм щ1ыхуиІуэтэжыр. Зэхихьр игу зэрырихьым гу лъита нэужь, икІуэтыжьпІэр Іэщ1ихьпІэн хуэдэу, т1экІи зигъэІэнкуну, пигъэващ:

- Ліыбланэхэ лъэхъу згъэкІуэну си мурадщ, дауэ уеплъ?

Хэт илъэс щэщІ хъуауэ адэ-анэ зэбгъэдэкІыжа хуейр? Мараткъым, хэту щ1ытми. И адэм сымаджэщым къыщ1ожриІар ищ1эжьрт абы. Гъэбэлэрыгъэн хуейт, зыри къимыГэхъу щ1ыкІэ. Щ1ыхьым зэрифІэщ1ар Дахэзилэ къыгурымыІуапэщ1ыкІэ зыгуэримыщ1эмэ, и гъащ1эм лъэныкъуэ узынШэкІэ зыщигъазэ дыдэм, псори къызэрыгъэтэныфрт. Дакъикъэр зыІэщ1игъэкІ хъунутхъэш.

- Хэт зГакІуэмэ, нэхъыфІ, жызоІэри, аращ, - Марат гушыІэрыкъым, пэж дыдэу кьмышэну зегъэхьэзыр. Нысащ1эм тхьэмадэ имыІэу хъунукъым-т1э. И щхьэ Іуэхур яп1э иригъэщу емыса Щ1ыхьыми теужьыну хьэзырщ:

- Хьэсэн - зыуэ, - къытезэрыхьар зэрыщ1ыщ1ыкІар нэрыльгъэуу, и гупсысхэм нэгъэущ1 лъэныкъуэкІэ яшэ Щ1ыхьым.

- Хьэсэн ди благъэхьым, - гу лъамытэу кьыщ1ыхьэжа Дахэзилэщ ар жызыІэр.

- Уэри удиблагъэхьым, уи п1э ис, зыри къоупщ1акьым, - иф1 зыкъизышэжа Щ1ыхьым Дахэзилэ дэкІа и гугъэу, зэкъуэхуауэ щ1ысти, и макъыр зэрызэхихьу кьыщ1ыльэтри, абдеж дыдэм щ1ыт щэнтщ1ъэгуэр кьищтэри игъэІэуэльъэуэу игъэувыащ. УсхуимыгъэкІыжьами, афІэкІа сыбдэджэгуну уи мыгугъэ жьхуи1эт. Игъащ1эм и ліыр апхуэдэ сурэтым иту зымыльэгъуэ Дахэзилэ сыт нэхъри нэхъ зэхъуапсэ хъугъуэфІыгъуэр зыІэрыхьам ещхьт, апхуэдизкІэ зытехуапхъэм техуати Щ1ыхьым и къэгубжьыгъуэр. Езы Ліым зыфІэпэхъшэж щхьэкІэ, фызым нысащ1э къашагъащ1э макъкІэ кьыпедзэж:

- Я Алыхь, сыту фызэщхьыІуэ. Зым къэзышэ жеІэри, Іуэхур бзарэ дыдэуэ уи пащхьэ кьрелъхьэ. Адрейм уи къуэм къызэриш1эм уи Іуэху хэлъкъым, жи.

Унагъуэр кьелат. Дахэзилэ нэсыпыфІэу щ1эпхъуэри, жьыщ1ыгъэ гъущ1ыжар кІапсэм къыщфІихьыжи щ1ердзащ, дзапэ уэрэд кьыхидзэнуи къыщ1ыгъупщакъым.

6
Рэхьмэ и тхыгъэхэр

Щ1ихуэгъуэ, 27. Къэлэрдзэгу

Щ1бэт пщэдджьжьым зыщ1ыпІи сыкІуэну зызмыгъэхьэзыру сыкъэушащ. Нанэ сымаджэщым къыщ1атхыкІыжьнхуейт а мазэм. Сыщ1эмызупщ1эжэ, уи адэм и жагъуэ хъунущ жызыІа мамэ слъагъуу нанэ хуихьынухэр зэрильхьэри, асыхьэтым къыщ1ыщ1ар сымыщ1ну щІегъуэжащ. СымыкІынуни соукІытэ, си гуи кьыдэжьыркъым жи1эу, макъ щабэкІэ къыщ1ызэльэІум, хьэуэ схужеІакъым.

Сыкъыщ1ыщ1экІым, къыспэщ1ылъыр си гум ищ1а хуэдэ, мамэ мыпхуэдизу жызоІэ: «Пы1э плъыжь ц1ыкІу щ1ыщ1хьэрымыгъэкІэ, дыгъужьи къысІуущ1ну къыщ1экІынкъым». «Дыгъужь здэщ1Іэм щ1ак1уи щ1ы1эщ», - жи1эу къызэрыспидзыжар Іэджэрэ сигу къэкІыжащ иужькІэ. Куэбжэпэм нэс къыскІэлъэкІуатэщ, Іэ зэхуэтщ1ыжри, маршруткэ къэувы1эпІэм хуэзунэтІащ.

Сыхьэт ныкъуэ сытетащ - къакІуэркъым. Дакъикъэ пл1ыщ1 - иджыри си п1э сикІакъым. Згъэзэжьи, хьэмэ сыт сщ1эну? Си анэм телефонкІэ сыщещ1ущым, иджыпсту такси нэзгъэкІуэнщ жеІэри, дакъикитху ф1экІа дэмыкІыу, «Тойота» ф1ыщ1э къыІуольэдэ. Щ1ыІэм сызэрисам си щхьэкуцІри зэригъэлымпІа къыщ1экІынт1, армыхьумэ, апхуэдэ машинэ лъапІэ къалэм къыщ1рахуэкІыу зэрыдамыгъэтынур щхьэ сигу къэмыкІарэ?

Сытми, сотІыСхьэ. Нанэхэ я уэрамыщ1эри, унэм и бжыгъэри гузэхуэм жызоІэри дожьэ. Телефоныи сепэщ1эщ1ыр зыкъомрэ дыжащ, макъамэ гуэри къызэреуэр зэхэсхьу. Дакъикъипщ1 нэхърэ нэхъыбэкІэ утет хабзэкъым нанэхэ ущ1ыкІуэкІэ. КІуэ, щ1ымахуэри, ГуэгугъэмэІ ятеплъхьэ хъунут. Щхьэгъубжэми зыгуэр зэрытегъэпщ1ам мэмыщ1ыж, уэдэкІуэр умыльагъуэу пшагъуэт. Ауэрэ дакъикъипщ1ри пщ1ыІутхури кІуащ, дз дожэри дожэ. Щэджэгъуэ нэхъыжьфІт, пшагъэр зэхэуэным куэд имыІэжу, Зэман кІуэр сфІэхуэду, щ1эх дынэсыну жызоІэри соупщ1 такСим дзс щ1алэм. «Дакъикъутху», - жеІэри, зыкъримыгъэзэкІыу жэуап кьызет. Сэ и щ1ыбагъым сыкъыдэст, зыкІэрыгъэщ1апІэр ди зэхуакуу. НэкіуІулъхьэ зэрыІулъым нэмыщ1ыж, си гъащ1эм япэу сызэрыпІисхьа таким дэсыр зэрызмыщ1ыхум щэч къытезмыхьэу, сеплъыну сигу къэкІыххакъым, къэсщ1ыхужьи дэнэ къэна. Иджыри дакъикъэ зыщ1ыпІІ блокІри, дызДынэсынум дынэса хуэдэу, гузехуэм машинэр кьеГэуэвы1э, и нэкІуІупхъуэр зыІуехри, зыкърегъэзэкІ: «Дауэ ущ1ыт, Рэхьмэ?»

- Марат?

- Сэ си ц1эр схъуэжакъым, ауэ уэ нобэ уи унэц1эр пхъуэжыну си гум жеІэ, - и пащІэ ныкъуэлэм и щхьэ бэльыджэр пэлыду, кьысхуогуфІэ, экзаменымкІэ «тху» - къэзэрысхьар къызжи1э ф1экІа умыщ1эну.

- Схъэжжу щэтми, ар уи унэц1эрауэ зэрыщ1ымыгъэтынур быдэу уи ф1эщ щы, - жызоІэри сыхуоль.

СызыбГэдзэ щ1ыбагъыбжэр Іусхыну сыхуожьэ. Езым аргуэру унафэщІ тэмакъкІыжьКІ макъкІэ зыкъысхуегъаз:

- Зэ умыпІащ1э. Япэраеуэ, ди къуажэр пцІыхуркъым, укІуэжьну уежьэну, угъуэщэнущ. КІыфІ мэхъу, такси зекІуэркъым. ЕтІуанэрауэ, къэбГэгугъа гуэрэуиІэу сощІри, нэгъуэщ1ым уиухауэ, абы уишэжьнукъым. Ещанэрауэ, уи адэ-анэр си къалэгъуэ, уздэщ1ыІэр ящ1э, укІуэжмэ, я гуапэ хъуну уи мыгугъэ. ЕплІанэрауэ, - адбджьм и макъыр нэхъ щабэ ещ1, - игъащ1эм сыкъыумыльэгъуауэ щ1ыщ1мыткІэ, дегъэлпЪ ди насыпыр здынэсым, дызэкІунуми пщ1эркъым. Сыпхуейкъым жьлІэмэ, иджыпстуупщ1э зымы укъымыльагъу щ1ыкІэ, усшэжьнщ. Ауэ.. Сэ сыхуейт гъащ1э гъуэсу укъыхсхуэхъуну.

- Япэрауэ, сыпхуейкъым, дунейм ц1ыхуу тетым сыкъалъэгъуауэ щ1ытми, иджыпстуупщ1э сышэж, - жызоІэри сыжьхэпкІэ зрагъэж.

- Укъысщ1эмыкІиет, дахэ! Уэ пхуэдэ куэд слъэгъуащ сэ, сыкъызэрынэжыным тети нэхъыфІщ, - къызжеІэ.

- ЕтІуанэрауэ, мис а пльэгъуа хъомым уэзыхуей дыдэр кьахэщи, мыв Тхьэм фызэдищІ! - жызоІэри машинэбжэр Іусхыну аргуэру соІэ. Сыкъызэзгубжьар нэхъыбэт, сызэрыгъэзавэм нэхъыр. Бжэр мызыгъэгукІэ си телъхьэу кьыщІокІри, Іуокі. Ар сымыуІтыпщу сыкъызідвуькІам, слъагъур сыт? Сызэрыс машинэм ещхьыркъабзэу иджыри зытхух-зыхыбл ихъуреягъкІэ кьеувэкІагъэ щ1ытщи, гу кьыззэрыслъэтэу, нащ1э ящ1ым ещхьу, я уэздыгъэжэр кьагъабл6. Уэрамыбгъу лъэныкъуитІым зытрагъэшауэ зэхэтт зыкъызІычыну хьэзыр машинэ фІыщ1эжь гупыр. АпхуэдизкІэ сышынати, зызгъэхъеину Іэмал кьызззэыта къэрэгъ кьызідикІар сщ1эхьым. Маратхэ я куэбжэпэм дымысыпІэу кьызззтеувыІахэу арат, сыкъытехьэу щ1алэм и напэ тесх зэрымыхъунур кьызігурагъэІуэн пащ1э.

Сытыт сщ1энур? Машинэм ситІысхьэжщ, си щхьэр си гупэ къит зыкІэрыгъэщ1апІэм теслъхьэрэ, згъэнмуэ, кьеблагъэ. Согьри согъ, сыкъэувыІэжыфыркъым. Марат зыкъригъэзэкІыу и Іэр си щхьэм кьыщ1ытрилъхьам, зэпкърыстхъэн си гугъащ. «УкъыззмыІусэ!» - жысІэри, апхуэдизкІэ хуабжьу сыкИаити, сымыгъэщтамэ сщ1эркъым. «Иджыпсту зы тутын сефэнщи, усшэжьнщ, умыГъ», - жи1эри, и1ащ. Мо сызэщ1ыджэу сыздгъэшм, и1ащ1ыпІэкІэ зыгуэр хъэзмыгупсысмэ, узошэж жи1эу аргуэру сыкъызэрригъэпІэнгу сигу къоКІ. Хамэ къуажэ удэту уздэкІуэнури дэнэ, мо шейтІан щхэр къеувэкІауэ къоПлъу? ТелефонкІэ узэпсэльэнури хэт, уи адэ-анэр уимытелъхьэмэ?

Си гъы макъыр езмышэхьу, нэбгырэкІэ машинэм сыкъипІырэ зызоІтпьыкъ. КІыфІ хъуакІэщ1, Марат тутын йофэри машинэ гупэм дежь щ1ытщ, зыгуэрым телефонкІэ йопсалъэ. Сэ зи бжэр Іуха машинэм и кІуэцІым сантиметр пщ1ыкІуэ зи ГъагагъэкІ ваКъэм сытету сисщ, иджыри телефонкІэ кьезджэфхи гуэр дунейм тету кьыщ1экІыным сыщ1игуГъу. Си акъылыр утхъуащ, кьысхуиущ1эшхэу щ1ыжькъым. «Уи адэанэм псори ящ1э» зэрыжиІам си гур иригъэхъяпщ1ащ. Ди деж сыкІуэжмэ, ныскІэлъЫсу сыкхагъэзыхьыну аракъэ? Ўэрамыр бГъуэт, ауэ шыуан ц1ыкІу ихьэлэ жыхуаІэм ещхьу, гъуэгушхуэм пыщхьэхуІати, ущІопхъуэмэ жыжьэ унагъэсынукъым. МашинибЛым уаІэфІыкІыфыну? Асыхьэтым абдежьм ГъунэГъуу щ1ыт пщІантІэхэм я зым жэщ уэздыгъэр щ1ыпащ1анэри, я куэбжэр Іух ныкъуэу зэрыщ1ытыр кьсэльэгъуащ. ИгъащІэм сызыдэмыта хамэ кьуажэм щ1ыщ хамэ пщІантІэм и куэбжэ. Дахэу си вакъитІыр Лъызох, си сумкэр зыІэщ1ызокъуэзэ, псэльэн зымыуха Марат и щ1ыбагъэр кьыщ1ыгъэза дакъикъэм зытызоГаухэри, хьайдэ, куэбжэ Іухам сызэрыдзэльэдэнум сыхуэгъэпсауэ зызоч. Е сщІэр я нэгум кьыщ1агъэхьаэхэм зыми емыщхьэрт, е кьэхъур яфІэгъэщ1эгъунэт, хьэмэрэ мо псэльэхъу хуэдэм ягу зэрыкІыпат? Сыстми, Марат и нЫбжьэгъуэгр зэрыс машинэхэм я уэзджьнэжэр зэдэууэ яГъэкІину щ1ыщІадзам, куэбжэ Іухам сынэсыным лъэбакъуиш-пЛІы кьэнэжами арат. Сэ кьызэплъэкІыжьыпІэ сиІэтэкъыми, кьэхъуа псоми гу лъыстакъым, я уэзджьнэ макъыр зэрызэхэсхам нэхъ хахуэж сищ1а ф1экІа. Мо пщІантІэ сызыдэлъэдам дэт лЫ мыцІыхур гуапэу кьыззэрыспежьэу, Марат и гупым сакьыззрелар си ф1эщ хъуа-мыхъуауэ, уКІытэмрэ адэкІэ зэрыззмыщ1эмрэ зэхьыхьэжри, си лъакъуитІыр щІэщІад. Арати, си быСым мыцІыхухуэм унэм сыщІашэ, сагъэтІыс, псы срагъафэ. Ц1ыху сурэтым сыкъыщихьэжам, нобэ си унагъуэу къэслъытэ псори кьызэпщІэкІауэ щ1ыст: сыкъызэрядыхьэу сызыІущІа лІы угъурлыфэри (ар си тхьэмадэрат), занщІэу къыщІэжа цІыхуэ Іэщабэ-Іущабэри (ар си гуащэрат), а гуэвэгъуэ дакъикъэм и фІыгъэкІа къэсщІыхуэ си псэ закъуэри. Бэч! Хэт и гугъэнт апхуэдэщІэ зезыхьэ щхьэгъуэсэ си1эну? Адрейхэр - иужькІэ.

Дыгъэгъазэ, 5. Къэлэрдзэгу

Си тхьэмадэр сымаджэщ. Унащхьэм къехьыжрэ пэт, пкІэльейр кьещ1ыкІэхри, и лъакъуэр кьутащ. Хуэтэдж хъунукъым кьыжраІащи, махуэ псом щІэупщІакІуэхэр зэпыуркъым.

Псом яп1э Щ1ыхьым къокІуэ. ИгъащІэкІэ си пщІыхьэпІи кьыхэхуэнтэкъым Марат апхуэдэ адэ и1эну. Си тхьэмадэм ф1эфІщ ар кьыззрыкІуэр. Щ1ыхьыжа нэужь, и гугъу ящІ хабзэщ.

Я гупэм къит щІапІэм мы1эрысэ хадэ щ1ыхисэн папщІэ, си тхьэмадэм щ1ыхуэ Іихри, кьищэхужащ. Абдежьм щ1ипсэуа щІалэрат Щ1ыхьым Іэщ1эуКІаеуэ щ1ытар. Хьэрун мыгъуэм и унагъуэр а лъапсэм къыдигъэтІысхьэжьну хуейуэ гурыщ1хъуэ хуащІ дыдейхэм.

Нэхъ шэджагъуэхуэкІуэу Марат и анэр къокІуэ. Мы1эрысэм кьыщ1их ахъшэр кьызитыркъым си лЫм жеІэри, си гуащэм кьыхуотхъэусыхэ. Мамэ зрипэсыркъым абы, ауэ Щ1ыхьым си тхьэмадэм зэрыф1элІыкІыр ещІэри, кьеушыдэну щогугъ. Ахъшэ кьыщІримытыр Дахэзилэ и зыгъэщІэрэщІапІэм ефэ-ешхэр зэрыщ1эзпымыур зэхрагъэхащи аращ. «Абы нэхъ-рэ нэхъыфІ ищІэнтэкъым Щ1ыхьым», - жеІэ си псэ закъуэм. И адэ-анэри и акъылэгъущ, хьэблэри тыншыжащ.

Дыгъэгъазэ, 14. Къэлэрдзэгу

Си фоушхуэм сэрэ кино ц1ыкІу догъэхьэзыр. «Абы нэхъ псынщІэу игъэхъужынущ ар», - жи, и адэм щхьэкІэ. И адэ-анэм щ1хуу ятриха сурэт, видео гуп зэхуэхьэсауэ и1эщи, ахэр зэпгегъувэж. Я1эщ1ыкІэ режиссёр гуэрым елъэІун и гугъащ. Иджы а къомыр хамэм ильагъуу и адэм зэпримыдэнур щ1ыкІэжауэ, езыр йопэщэщ.

Дыгъэгъазэ, 27. Къэлэрдзэгу

Дыгъуасэ ди кинор щ1ызэхэдгъэувэм слъэгъуар сигу ихужьркъым. Си гуащэ-тхьэмадэр пщэфІапІэм щ1ісу видео гуэр хэтщ. «Зэдошэ» жыпІэнкІ дыхьэшэн Іейщ абыхэм ятеухуауэ. Ди жьэм хуэтхъ ерыскъы псори апхуэдэ защІэу ехьыу щ1ытамэ, кІэгубжьи, щхьэхи, нэщхъеи къытхэтынтэкъым. Апхуэдизу фІыуэ зэрызэрыльгъуэм хуэдэу, зэи зэдэшхэркъым си гуащэ-тхьэмадэр, согъэщІагъэри схуэухыркъым. Тхьэмадэр Іэнэм пэрысщ. Мамэ абы и шхыныр хутрегъэувэ, езыр и щэнтым тесьжу и щ1ыбагъым кьыдотІысхьэри, зэрихабзэу, зытреубгъуэ: и ІитІыр и бгым ирешэкІри, и щхьэр и дамэм трелъхьэж. Тхьэмадэм шхэну зэран хуэхъу-хуэмыкъым ельытауэ, зэм толъэщІыхь, зэм зыкІэрешыІтэ, хуиту имыгъашхэу кьыифІэщІмэ, зыкъыІуеШиикІ, ауэ щ1ыщ кІапэ гуэрым пьэІэсу кьызззрыпэнэм иужь итщ. Тхьэмадэр зыгуэр хуеиху, кьыщ1ыльэтуэр ирет. Сыбжэрэ зыхыбл-зыбгупщІрэ хъэтэджурэ тІысыжащ, зигъэхьеиху и щхьэгъуэсэм едэхащІэу. Абы фІэмыфІ гуэр кьыхэхуэн дэнэ къэна, а кьалэнЫр щхьэрахыжыным ещхьу, мэпкІатэмэльатэ, и гукъыдэжри ехуэхъуркъым. Сэ си анэр Іэнэм щ1ыщысым деж си адэр зыкІи елъэІуркъым. Шыгъу, фошыгъу кьызэт жриІэ хъумэ, нэхъыбэм кьытокІие: «Сыкъэуымыгъэтэджьжьжь жысІэу дапщэрэ зэрыбжесІэнур?» Си гуащэм кьэтэджьжьнЫ кьытехьэлъэным и гугъу щ1ыхьхэркъым, и лЫр ц1ыхум яхэмыту, сабийхэри щ1эмысу хуиту и закъуэ кьызэрЫзрыхьа насыП кІэщІыр Іэщ1эпэтынкІэ шынэм ещхьу, и хъуреягъыр кьеуфэрэзыхь, зэримыужэгъури уолъагъу. Тхьэмадэр зэм кьызэІэбэкІыуРэ зыгуэрхэр кьыжьэдилъхьэну хуожьэ, апщІондэху мамэ абы и напэм, е и Іупэм, и Іэм, и дамащхьэм - кьыІэрыхьэм деж - ба хуещІри, кьыхуишиир кьэждельхьэж.

- Сэ сызэрыбдэшхэр уи жагъуэ хъуРэ? - сеупщІащ си псэ т1экІм ар сабГъуа нэужь.

- Ди адэм ещхь сыхъухукІэ кьыздэшхэ, итІанэ деплынщ, - кьыжжиІащ. КъащІэ уэ абы кьригъэкІар.

Сщ1экъым сщІэнур. Сыдэшхэн? Сыдэмышхэн? Си гуащэм сеупщІыщ, си анэм арКъыжжиІэфынэ кьыщ1экІынкъым. Сыкіуэжьыу кьызоушыдэ. «Юридическэр къэбухауэ, лы зыщ, джэд зыгъашхэ программистыкІыр удэкІуасэри уежьжащ». Нобэр кьызідсэкІи и фІэщ схуэщІакъым Б. а махуэм итэкІэ зи зэрызмыщ1ыгъуар. Сыту пщ1ыхьэщхьэ Іэсщ1эгъуэнт ар. ФІыкІэ зэриухам хуэдэу, сищхьэфэцым зрес эсигу къыщ1ыкІыжкІэ. Дахэзилэ къэкІуэку: «Си нысэр къысфІэзыздыгъуахэр дауэ фыщ1ыт», - жеІэри дегъэкІытэ.

Дыгъэгъазэ, 27. Къэлэрдзэгу

... Мо сыздэгъэзэщам хьарууншэ сищІауэ сызэфІэтыфыртэжьыт, пщІантІэм сыкъыздэльадэу си тхьэмадэм сыщ1ыхуэзам. Унэм сыщІашэу сагъэтІысха нэужь, хуэмурэ си гур кьихьэжащ. Гуащэ схуэхъуным псы сригъафэу кьыс1ущхьэсуэу, ЛЫгГумхэ я ящ1ыжьыр кьытоуІуэри, си фо ц1ыкІум кьыщІешэ. Тхьэмадэм яп1э зрегъэщІри хъущІэщ1ым щ1ОКІ.

- Гьунэгъум ирахьэлІэуи хабзэщ, Хьэсэн, ауэ гугъу федмыгъэхьымэ, нэхъ къэтщтэнут, - кьыпІоІукІ Марат и мазэкъым кІэлындорым.

- Езыр арэзыуэ къыбдэкІуэрэ? - щІоупщІэ си тхьэмадэр.

- И адэм сыдолажьэ, дызэгурыІуащ. И анэми ещІэ. Ильэс зыбжанэ хуэдэ дызэрызэрыцІыхуурэ. Пэжым ухуеймэ, лЫхъу згъэкІуэнухэм уэрат яп1э итыр. Ауэ щІатхэжи сыт а къомыр гугъу щІебгъэхьынур, кьэхьи ежьэж щ1ыжаІэм, нэхъ щІэщыгъуэ хъун жыпІэри, арат мы къомыр къыщІэдгупсысар.

- Езыр арэзыуэ къыбдэкІуэрэ? - щІоупщІэ папэ аргуэру.

- Сыщогугъ, - зегъэхьІытэх Марат.

Си тхьэмадэр сызыщІэс пэшым ныщІохьэри, кьызоупщІ:

- Ўарэзыуэ удэкІуэрэ?

- Хьэуэ! - кьыжри, хуабжьыІуэу ест-тащ жэуап. АфІэкІа зыикІ кьызэмыупщІыу щІэкІыжри, адэкІэ зэжраІар зэхэсхакъым.

Гуащэ зэрысхуэхъунур иджыри зыхуэзмыщІэ, занщІэу сигу зыкІэрпищІа ц1ыхуб3ыр кьыстелъэщІыхьурэ, и макъ щабэ ц1ыкІумкІэ кьызэпсалъэт:

- Ўхуэмейуэ, зы ц1ыху Іэпэкіэ къоІусэнкъым, си псэ! Уи адэ-анэм ухагъэзыхьу арамэ, ди деж ущыІэнщ. Адыгэ и хьэщІэ быдапІэ исщ щ1ыкІаІэр нобэ хуэдэ зы махуэщ.

- Хуэмейимэ, хэгъэзыхь щ1ыкъэшм, - зэхьізох аргуэру Марат и макъыр. - Накіуэ, фи деж усшэжьнщ, - жеІэ кьыщ1ыжьыжьу, ауэ сэ зэрызэхэсхуэ ищІэу.

Абдежьм си тхьэмадэр хъопсалъэ:

- Апхуэдэу тщІынкъым ар, Марат. НобэкІэ фи насып зэхэмыльу щ1ытми, пщэдей къэхъунур тщІэркъым, тІуми фи напэр кьабзэу мы Іэхум фыкъызэрыскІынращ нэхъапэр.

ИтІанэ сэ зыкъыхуегъаззэри, кьызоупщІ

● Гъуаздж

«Пшэплъ дауцыншэхэр» - адыгэбзэкІэ

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым мазаем и 23-м щекІуэкІащ Васильев Борис и Іэдакъэ къыщІэкІа «А зори здесь тихие...» повестым къытращІыкІа «Пшэплъ дауцыншэхэр» спектаклым и премьерэр. Ар игъэуващ режиссёр щІалэ Понаровский Антон. КЪБР-м и Іэтащхьэм театр гъуаздзэмкІэ и грантыр къагъэсэбэпри, утыку кърахьащ а лэжьыгъэр.

ЗИ ГУГЪУ тщІы повестым емыджа куэд щыІэу къыщІэкІынкъым, апхуэдэуи цІыхубэм Іэмал яІащ урысей режиссёр Ростоцкий Станислав 1972 гъэм триха художественнэ фильмым мызэ-мыгъэу еплъыну. Мыр спектаклу щагъэлъэгъуащ Урысейм и къалэ куэдым. Иджы ящэу адыгэбзэкІэ Налшык утыку къыщырахьэу аращ. 2020 гъэм, Текіуэныгъэшхэр ильэс 75-рэ щрикъун ирихьэлІэу, ягъэувыну мурад щащІыну, тхыгъэр адыгэбзэкІэ зэздзэкІыну сэ зыкъысхуигъэзащ театрым и унафэщІ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Пащты Иринэ.

НэхъыфІ дыдэу слъагъу тхыгъэхэм ящыщ зыр анэдэлъхубзэм къизгъэпсэныж занщІэу сытегущыІэхащ икІи абы сетІысхьІащ. Ар бгъэтІылъыр къэпщтэж, зыбгъэпсэхуурэ зэбдзэкІ хъун тхыгъэтэкъым. АтІэ зэрэреджэм ещхьыркъабзэу, сыдигъэхьиу, зэпызмыгъэууэ сызэлэжьа тхыгъэу къыскъуцІэкІащ. Тхылъэм хэт псалъэхэмрэ театр утыкум щызэхэпхэмрэ куэдкІэ зэщхьэщокІ, абы къыхэкІыуи жьэрыІуатэбзэм хуэгъэкІуэным нэхъ сегугъэщу. Си дежкІэ лэжьыгъэр щІэт, ауэ удэзыхьэхт. Иджы си нэ къикІырт, фІыуэ слъагъу повестым театрым щылъплъыну, адыгэбзэкІэ ар зэхэсхыну. Ар щагъэлъэгъуэну пІалъэр пандемием и зэранкІэ ягъэІэпхъуэри, иджы къэсащ. Хэкум и хъумакІуэм и махуэм и чэзу дыдэт абы.

А пщыхьэщхьэм театрым щызэхуэсат щэнхабзэ гъащІэм хуэзэшаехэри, ягъэлъэгъуэну спектаклым зи нэр къыхуикІыу къэкІуахэри, тхыгъэмрэ фильмымрэ спектаклри езыгъэпщэну зи гуращхэри. Еблэмэ, «А зори здесь тихие...»-р Къэбэрдей театрым адыгэбзэкІэ щагъэлъэгъуэну зэхэзыха, Черкесск щыщу ди ныбжьэгъухэми щылмахуэ гъуэгур къызэпачат.

Спектаклым и пащІодзэм утыку кІыхьащ ди лъэпкъ театрыр ящІэ зыщыгъуГъ щІалэгъуалэр. Ахэр нэжэгужэщ, кІоф, мэджэгу, зэдоГущыІэ. Зигу утыпщащ щІалэгъуэлІэм я ІутІыжщ, мамыр гъащІэм хопсэукІри. Абыхэм ящІэрыкъым къапэплъэр, ящІэркъым я псэукІэ дахэр зауаем къызэрикъутэнур, я мурадыфІхэр къызэрызэпиудынур.

Мамыр гъащІэр шэкъэуэжхэм, кхъухьлІатэ макъхэм зэхэпаудри, театреплъхэр зэуапІэ губгъэм кхохутэ. Старшина Васковымрэ зенитчицэ хъыджэбзхэмрэ яхьумэн уцыІ щыпІэм щекІуэкІ гуэзвэгъуэмрэ шынагъэмрэ я пэублэщ пщащэ Іэмащ1эльэмащІэ цыкІухэр утыку къызэрихутэр.

ЩІалэгъэрэ дахагъэкІэ гъэсыж хъыджэбзхэм зрагъэщІыху къызэдаша щыІналъэр, абы къулыкъу зэрыщащІэнум теухуа упщІэ куэд старшинам ират. Ауи я пщІыхь къэхэуэрыкъым зауэм зыІуигъэува Іэнатіэм и хьэльагъыщэм дыджагъымрэ. Ахэр дахэщ, гуэкІуэщ, ауэ я сэлэт щыгъынхэри екІуркъым, я шырыкъухэри зыхуей хуэзэу яхулъытІагъэркъым...

Васков Федот старшинам и ролыр екІуу игъэззащІащ КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Хьэмырэ Ахьмэд**. Абы и нэІэ щІэт хъыджэбзитхум я ролхэри зэпэщу ягъэшат. ЩІэнэгъэм, тхылъ еджэным дихьэх Гурвич Соня и ролыр **Семэн Регинэ** игъэззащІащ. Ар и теплъэ къудеймкІи а ролым къыхуигъэщІа фІэкІа пщІэнтэкъым, нэгъуэщ цыкІур зэхэлъхьэ. Зауэ лъэхъэнэм журтхэр дунейм тхылъым къриджкІхэр къыщигъэсэбэпыну иужь иту. Сержант нэхъыщІэ Осянинэ Ритэу джэгуар **Багъ Иннэщ**. Лэжьыгъэм и пІалъэр фІыуэ зыщІэ актрисэу зыкъигъэльэгъуащ Иннэ. ЦІыхубз зэтеубгъадэу, бэшэчу, адрейхэм нэхъри тІэкІу зэрыныжьыжьыр нэрылъагъу ищІыфащ и образымкІэ. Старшинам лъагъунигъэ хуэзыщІауэ ар зыуцщэж Бричкинэ Іизэр **МафІэдз Заирэт**. Удэзыхьэх ролт ари. Заирэ фІы дыдэу пІалъэщащ екІуэжІ Іэхуэм кІэщІ. Камельковэ Женяу джэгуар **Гуэщокъуэ Регинщ** - теплъэкІи, утыку итыкІэкІи, ІэпхъпсэнкъкІи Регинэ и ролым хуэкІуэ дыдэт. А псоми ятеубгъуат зи актёр Іэзагъкіэ псоми яцІыху, фІыуэ ялъагъу Хьэмырэ Ахьмэд. ЩыпхъашэмкІэ - пхъашэт, щыгупэмкІэ - гуапэт, щытКІийм тКІийт, и ныжьыр, и унафэ щІэт цІыкІуэхэр зэрыгуащІэмащІэм егъэдзыхэри, и шыпхъу цІыкІу хуэзыгуащІэщ.

Старшинар лІыжь хъуаэу хъыбарыр къэзыІуэтэжыр КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Мысост Вадимщ**. И нэгум кърих гупсысэм зэІэпишэу уодаІуэ Вадим, адэкІэ къэхъуным упигъапІъэрэ къыпхуэмыгъэсу. Васков дадэм хъыбарыр кърегъэІуатэ капитан щІалэм - ар **Семэн Астемыр**. Бричкин Иван и ролыр игъэззэщІащ **Бозий Рустам**, **Шыдгын Тимур** щакІуэу джэгуащ. Майорыр **Тыымыкь Владимирщ**, полковникыр **Бетыгъуэн Жамболэтщ**, нэмыцэ щІалэу джэгухэм ящыхэзэщ **Къардэн Заур**, **Шыпш Къантемыр** лейтенант Осяниным и ролыр игъэззэщІа **Тэмазэ Лиуанрэ Мэкъуауэ ФатІимэрэ**. ГъащІэм и кІэухымрэ дыджагъымрэ нэрылъагъу зыщцыхъуа лІымрэ фызымрэ я щхьэ я къикІуамрэ я пхъум зэрыхуэхъуапсэмрэ къызыхэщ иужьрей тхыгъэр Соня хуаутІыпщынуци зэхалъхьэ. Зауэ лъэхъэнэм журтхэр зыхэта бэлыхьымрэ цІыхупсэм игъэвыр зыхуэдизымрэ куууэ уезыгъэгупсыс монолог хуэдэщ Лиуан и псалъэхэр. Езыр апхуэдизкІэ Соломон и образым ихьащи, нэпсыр зыщІэз нэхэмрэ я натІэ хъуа гугъуехьым зэрыгепсэлъыхьыжьымрэ уи щІыфэр игъэтхытыу уодаІуэ. Пхъум хуаутІыпщыну письмом иратэ гукъуеузмрэ гугъуехьымрэ цІыхуфэм дэмыхэуну къыпщІыхьуми, ажалым и нэм щІэплъэ зэщхьэгъусэжэм ягъэв гуэзвэгъуэр пэжу уи нэгу къыщІагъэкІуэ, зауэ лъэхъэнэм хуежьэри, зи гугъу ящІыр псэкІэ зыхьибощІэ. А дакъикъэм зэщыджэу гъаи щІэсащ театр пэшым. Мы спектаклым хэтщ апхуэдэ теплъэгъуэ куэд, зумыщІэжу а екІуэкІ Іуэхум ухишэрэ, уи нэпсыр пхуэмыубыду уигъаІэжу. Ар зи фІыщІэр екІуэкІыр уи фІэщ ящІыфу джэгу ди актёрхэрщ.

Іыхьэ щхьэхуэру хэт хуэдэт, зи щІалэгъуэ дахэу, я псы къэжэгъуэ иджыри къэмысаУэ псэзэпІалъхьэпІэ ихуа пщащэхэр зырызу бгъэІэщІэкІуэда нэужь, ахэр къыхьэхша мамыр гъащІэм щищІамрэ щилэжьамрэ къызэрагъэлъагъуэр. Дэтхэнэгъэ гугъэ Іэфіхэр зиІэ пщащэт, лъагъунигъэмрэ дахагъэмрэ зи псэм щызыгъафІэ хъыджэбз зэпэщт. Сыту гъащІэ гуэхуэгъэ яІат абыхэм зауэм зэхимыдзэ щІыкІэ, сыту мурад куэд зыхуагъэувыжат... Ауэ я натІэр арати, фронтым Іухьэн хуей мэхъу, игъащІэм ямыльэгъуа фочыр къыІэщІалъхьэри, хъыджэбз Іэмащ1эльэмащІитхур нэмыщІа щІалэ 16-м ятащІоуэз. ЛІыгъэ къызыкъухэри пщащэхэм, махуэ бжыгъэкІи заІыгъащ я старшинар я пашэу. ХэкІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэри къагъэутрэ бийм пІалъэкІэ зыщащхъумащ, щІэзылъэфэнкІэ хъуну псыпщІэ шынагъуэми, къурагъ зырызыр яІыгъыу, пхыкІри, яхьумэн хуейуэ кьалэн къыщащІа щІыпІэм я пэщ щатащ. Гуузу. Зырызу. ГущІэгъунэшу.

ЕкІущ, зэчиифІэщ зи гугъу сщІы ролхэр зыгъэзащІэ ди актёр ныбжьыщІэхэр. Ауэ сигу нэмыса зы Іуэхугъуэ сыкъыІетуеІыну сфІэигъуэщ. ПщащэхэмрэщІалэхэмрэ ящыщ зыбжанэм яІурыпІэ адыгэбзэр зэрыныкъуэм я зэчиф гъуэ зэрыщІэхъукІым гу лъыстащ. Уеблэмэ, урыс акцент яІэу театрым адыгэбзэм щирисалъэхэр щызэхэпхІэ, лъэпкъыр щІэгузавэ анэдэлъхубзэр кІуэдыжьыІэ зэрихуэм нэхъри урегъэплъыс. «Адыгэбзэ ныкъуэр» театр утыкум къыщысакІэ, къыдэкІуэтей щІэблэм сыткІэ уаэзэрыщІугъэныжьмур, лъэпкъым и къэкІуэнум дауэ уэзэрыщІугфІыкІыныр?! Лъэпкъ театрыр, псом япэрауэ, анэдэлъхубзэ кхъэ къыщыІуи ковей гуэщІапІэщ, театреплъыр щІекІуэлІэрэ, адыгэбзэ шэрыуэ щІэзэхихьын щхьэкІэщ. Кьалэм дэсщ зи гугъу сщІы актёр щІалэхэр, кьалащхьэм щеджащ, ауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ къагъэзэжауэ адыгэбзэкІэ мэлажьэ. И чэзу мыхъуауэ пІэрэ, актёр пажэхэм щапхъэ трахыу я бзэр къабзэ ящыну?!

«А зори здесь тихие...». Мыбы тхылъыр деджащ, фильмыр деплъащ. Пэжыр жысІэнщи, Адыгэ театрым и утыкум зэрыщІэкІуэкІынур нэгум къыщІэгъэхьэгъуэйт, ар тхылъми фильмми ефІэкІыну сыхуейт, адыгэбзэкІэ къызэрыІунуми фІы гуэрым сыпигъапІэрт. ГухэлъкІэ, гурыщІэкІэ, гуугъехькІэ, гуэзвэгъуэкІэ, гумащІагъэкІэ, гупщІанагъэкІэ, гупЫытэкІэ, гупащІагъэкІэ Іэнэщ1а тхыгъэм спектакль гуэнэс къызэрыхащІыкІам театреплъхэм Іэгуаузэшхуэ хуаІэтащ. ЯгъэлъэпІащ спектакль нэужьым сценэм къытехьэжа актёрхэр. Ари зы теплъэгъуэ щхьэхуэт. Апхуэдизэ зы гугъэгъэ образэхэм ита актёрхэм я нэгур зэхэуфат, я нэпсыр нэкІум тегъущхьатэкъым, я гум хьихьауэ зэрыщІэгуар я фэм кьиІэльэгъуэу ди пащхьэ къиуват.

Я нэпсыр щІалэщІыкІрэ актёрхэм я утыку итыкІам тепсэлъыхьыжу зэбгрыкІыжащ, щІыхуэр. А псомиз кьыбжаІэрт мыр театрым и репертуарым хэтын зэрыхуейр. Абы еплъын хуейщ курыт еджапІэм и класс нэхъыжьхэм щІэс ныбжьыщІэхэр. ГъащІэм, лъагъунигъэм, Хэкум, хэкупсагъэм, пэжагъэм, хахуагъэм теухуа теплъэгъуэу хэтхэмрэ дерсу кьыхэхьымрэ уасэншащ.

Тхыгъэр гугъуми, спектаклыр кьайхьулІащ. Хэку зауэшхуэм теухуа произведеназэм ящыщу нэхъыфІ дыдэу къалъытэ тхыгъэм кьытращІыкІа спектакль адыгэбзэкІэ зэрелІъам ягу хигъахьауащ театрелпъхэм икІи щІэщыгъуэ ящыхъуащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ,
Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист.

● Футбол

Гъатхэпэм екІуэкІыну зэІущІэхэр

Урысей Федерацэм и етІуанэ дивизионым и Ямэ гуп

ЕпщыкІуиянэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 13
(щэбэт)
«Дружба» (Мейкъуапэ) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь)
«Краснодар-3» (Краснодар) - «Черноморец» (Новороссийск)
«Кубань-Холдинг» (Павловскэ) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)
«Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхэабэ) - «Кубань» (Краснодар)
СКА (Дон Іус Ростов) - «Анжи» (Мэхъэчкъалэ)
«ТІуапсы» (ТІуапсы) - «Интер» (Черкесск)
«Форте» (Таганрог) - «Мэхъэчкъалэ» (Мэхъэчкъалэ)

ЕпщыкІубгъуанэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 19
(мэрем)
«Мэхъэчкъалэ» - «Дружба»
Гъатхэпэм и 20
(щэбэт)
«Анжи» - «Легион Динамо»
«Биолог-Новокубанск» - «ЕсэнтІыгу»
«Динамо-Ставрополь» - СКА
«Интер» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Кубань» - «Форте»
«Спартак-Налшык» - «Краснодар-3»
«Черноморец» - «Кубань-Холдинг»

ЕтІощІанэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 24
(бэрэжьей)
«Дружба» - «Кубань»
«ЕсэнтІыгу» - «Черноморец»
«Краснодар-3» - «Анжи»
«Кубань-Холдинг» - «Спартак-Налшык»
«Легион Динамо» - «Динамо-Ставрополь»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «ТІуапсы»
СКА - «Мэхъэчкъалэ»
«Форте» - «Интер»

ТІощІрэ езанэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 28
(тхъэмахуэ)
«Динамо-Ставрополь» - «Краснодар-3»
«Интер» - «Дружба»
«Кубань» - СКА
«Мэхъэчкъалэ» - «Легион Динамо»
«Спартак-Налшык» - «ЕсэнтІыгу»
«ТІуапсы» - «Форте»
«Черноморец» - «Биолог-Новокубанск»
«Анжи» - «Кубань-Холдинг»

ЕхъулІэныгъэкІэ щІадзэж

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Дружба» (Мейкъуапэ) - 3:1 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 7-м. ЦІыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Дорошенко (Краснодар), Строганов (Мэзкуу), Багдасаров (Владикавказ).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Шмаукуэ, КІэдыкІуей, Ольмезов, Мэкъуауэ, Багъэтыр (Джатэрыв, 62), Хьэшыр (ХьутІэ, 69), Дахъу, Бахьсэнокъуэ (Жангуразов, 70), Іэпщащэ (Уэрэзей, 77), Гугуев.

«Дружба»: Гиголаев, Хъуакіуэ (Арсеньев, 72), Палажков, Хьэгъур, Подковыров, Іэшэ, Крылов (Такъла, 81), Гагиты, Ещенко (Букие, 75), Бабенкэ (Делэкъу, 89), Тлиф.

Топхэр дагъэкІащ: Гугуевым, 32-пенальтикІэ (1:0). Хьэшырым, 66 (2:0). Гугуевым, 82 (3:0). Къуэным, 90+2 (3:1).

Дагъуэ къыхуащІащ: Гугуевым, Іэпщащэм, ХъутІэм, Джатэрывэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и мыгъэрей Іыхьэм ЦІыхубзхэм я махуэм зы мащІэкІэ хуеплэщІыкІыу щІидзащ. Мазищэ ныкъуэкІэ темыпыІэжу абы поплъащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэххэр. Ар щхьэусыгъуэншэтэкъым: нэгъабэ хиубыда пэщІэдзэ зэІущІиплІым зы очко фІэкІа кьахуэмылэжьауэ ирагъажьэри, ямэ текІуэныгъэр щызыІэрагъэха фокІадэм (сентябрьми) и 6-м льандэрэ ди щІалэхэм зэ зэкъуэ фІахьауэ арат. А псом ищІыІужкІэ, ижь джэгуГъуипплІым кьриубыдэу я гъуэм зы топи къыдрагъэгъэкІатэкъым, езыхэр блэнейрэ кьыхэжаныкІат. Зи гугъу тщІа Іэхьугуъэхэр узыгъэгушхуэт икІи дыЗыщыгугъу екъуІэныгъэщІэхэм я лъабжьэ быдэт. Адэкіэ Іэхуэр зэрыхьунур зэлъытащ зэпеуэм и етІуанэ Іыхьэу мы гъэм щыІэнум зэрызыхуагъэхьэзыварат. Ар зыкъомкІэ наІуэ ищІынут ди къуэш Адыгейм кьикІа Мейкъуапэ и «Дружба»-м тхьэмахуэм драгъэкІуэкІыну зэІущІэм.

Нэгъабэ кьыхуащІа дагъуэхэм я зэранкІэ гъатхэпэм и 7-м щыІа джэгугъуэм хэтыфакъым «Спартак-Налшыкым» и капитан Пащты Русланрэ гупым и гъащІэуаУэ нэхъыфІ Бацэ Къантемыррэ. Абы щыхьэкІэ къэмынэу ди щІалэхэм фІы дыдэу зыкъагъэлъэгъуащ икІи зэхьэзэхуэм мыІейуэ зэрыхуэхьэзырыр наІуэ ящащ. Пэжщ, турнир таблицэм къыщыкІэрыхухэм ящыщ Мейкъуапэ и «Дружба»-м текІуэн пащІэ налшыкдзэсхэм къызыкъуахьи хуей хъуакъым и ящыкІыкІэ зэрыхуэхьэзырыр. Ахэр кьащэхьэлІэнур нэхъ иужьыІэжкІэ псори. Ахэр кьащэхьэлІэнур ящІэрейжкІэ зэхьэзэхуэм ипкъ итКІэ мы гъэм япэу зэхэта джэгугъуэм кьрикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Анжи»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Форте»** (Таганрог) - **1:1, «Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **1:1, «ЕсэнтІыгу»** (ЕсэнтІыгу) - **«Краснодар-3»** (Краснодар) **1:3, «Кубань»** (Краснодар) - **«Интер»** (Черкесск) - **6:0** (топхэм язык Гъурф Азэмэт дигъэкІащ), **«Мэхъэчкъалэ»** (Мэхъэчкъалэ) - **«ТІуапсы»** (ТІуапсы) - **3:1, «Черноморец»** (Новороссийск) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:0**.

«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхэабэ) зэІущІэр ягъэІэпхъуащ.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр гъатхэпэм и 13-м зэхэтІынущ. А махуэм «Спартак-Налшык» командэр Мэхъэчкъалэ щыІущІэнущ абы и «Легион Динамо»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ямэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Кубань-Холдинг»	**16**	**12**	**2**	**2**	**34-11**	**38**
2. «Кубань»	16	12	1	3	43-15	37
3. «Черноморец»	16	11	2	3	24-9	35
4. «Легион Динамо»	16	9	6	1	34-10	33
5. СКА	16	10	1	5	39-17	31
6. «Анжи»	16	7	6	3	26-17	27
7. «Спартак-Налшык»	**16**	**7**	**5**	**4**	**26-18**	**26**
8. «Динамо-Ставрополь»	15	5	2	7	22-21	20
9. «Форте»	16	5	5	6	24-17	20
10. «Мэшыкъуэ-КМВ»	15	5	4	6	24-20	19
11. «Мэхъэчкъалэ»	16	5	4	7	19-25	19
12. «Краснодар-3»	16	5	2	9	23-34	17
13. «Биолог-Новокубанск»	16	4	3	9	25-34	15
14. «Дружба»	16	4	3	9	17-37	15
15. «Интер»	16	3	3	10	14-43	12
16. «ЕсэнтІыгу»	16	3	2	11	18-41	11
17. «ТІуапсы»	**16**	**1**	**1**	**14**	**19-54**	**4**

Смартфонкіэ тхылъ еджэхэм я бжыгъэм къыхохъуэ

Урысейм ис цІыхуэху смартфонкІэ тхылъ еджэхэм я бжыгъэм процент 20-кІэ нэгъабэ зэрыхэхъуар къахутащ.

АНАЛИТИКЭ проектым и къэпщытакІуэхэр «Билайн Книги» сервисым и лэжьэкІэм блэкІа ильэсымрэ ИльэсыщІэ махуэхэмрэ кІэлъыплъащ, икІи къахутащ Урысейм исхэр смартфонкІэ зэрэджэ зэманыр процент 20-кІэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Къэралым исхэм телефонкІэ тхылъ еджэным тхьэмахуэм къриубыдэу зы сыхьэтрэ дакъикъэ 40-рэщ нэхъапэм трагъэкІуадзу щытар.

Нэхъыбэу тхылъ щеджэу къахутар блыщхьэмрэ гъубжымрэщ. «Билайн Книги» сервисыр къызэрызэсэбэпхэм 2020 гъэм нэхъыфІу къыхэлъытар «Хочу и буду: Принять себя, полюбить жизнь и стать счастливым» тхылъырщ. ИльэсыщІэ зыгъэпсэхуГъуэ махуэхэм нэхъыбэу щІэущІэ зиІар Рэнд Айн и «Атлант расправил плечи» романырщ.

Аналитикхэм зэрыжаІэмкІэ, цІыхуэр тхылъ нэхъыбэ еджэ зэрыхъуам и щхьэусыгъуэр пандемием зригъэува щытыкІэрщ. Зы лъэныкъуэкІэ, Урысейм исхэр дахьэхащ зы Іуэху гъэрым тезыгъэгушхуэ кьыдэкІыгъуэхэм, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ - «роман-антиутопия» литературэ жанр цІэрыІуэм зыхуагъэзащ - 1949 гъэм Оруэлл Джордж и Іэдакъэ къыщІэкІа «1984» тхылъым.

2020 гъэм тхылъ нэхъыфІу къагъэлъэгъуахэм ящыщщ Тору Роберт Кийосаки и «Богатый папа, бедный папа», Пелевин Виктор и «Непобедимое солнце», Мэнсон Марк и «Тонкое искусство пофигизма: Парадоксальный способ жить счастливо», Курпатов Андрей и «Красная таблетка. Посмотри правде в глаза!», Роулинг Кэтлин Джоан и «Гарри Поттер и философский камень» зыхуиІэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Бокс

ТекІуэныгъэщІэхэм я къежьапІэ

Налшык дэт Универсальнэ спорткомплексым къыщызэІуахащ боксым зыщыкъуагъэсэн пэшыщІэ. Гуфіэгъуэ зэІущІэм хэтащ КЪБР-м спортымкІэ и министр Хьэсанэ Ислъам, КЪБР-м лэжьыгъэмрэ цІыхуэхм социальнэу къащхьэщыныжьмкІэ и министр Асанов Алим, КЪБР-м и Парламентым и депутат, реабилитацэм и судмедэкспертизэм и унафэщІ Мечукаев Алихъан, Ингушым наркотикхэр зегъэкІуэным пщІэтынмкІэ и Управлензм и унафэщІ Геграев Марат, Урысейм мрэ КЪБР-мрэ я командэ къыхэхахэм я тренерхэмрэ спортсменхэмрэ.

БОКСЫМ зыщыхуагъаса пэшыр къызэІуахыу зэгъусэу фэеплъ сурэтхэр зытращаха нэужь къеІуэлІахэр еплъащ иджырей дунейпсо чемпионэу, щызаУэ хьэльагъэм щыпашэ Замковой Андрей (кг 69-рэ), Бакши Глеб (кг 75-рэ), Гаджимагомедов Муслим (кг 91-рэ) сымэ ирагъэкІуэжа зыгъэсэныгъэ зэІухам.

Бакширэ Гаджимагомедовымрэ ныбжьыщІэхэм ирагъэльэгъуащ боксым кьыщагъэсэн Іэмал къэзыхтэхэр, ди спортсменхэм Урысейми дунейпсо утыкуми екъуІэныгъэ щІэну екъуэхъуащ.

БоксымкІэ пэшыр зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр зи жэрдэм, республикэм спортымкІэ и министр Хьэсанэ Ислъам ФІыщІэ хуаІэри, гуфІэгъэ зэхьэхэм и къэрэгъулэ, КЪБР-м и боксерхэм чемпион бгырыпхыр иратащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщ1ыпащхьэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхугъапі Іэхэм ядолажьэмкІэ - 42-60-53; зэушыгагъэр хъуэныгъэмрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэным - 42-75-78

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щ1ощхэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щ1ощхэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къаревй Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ●Тираж 1.935 ●Заказ №496

Газетыр Іэ тезыдзэхэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэныкъо Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдэкІ (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ, 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А